# Маркы Евангели

## – 1 –

*Аргъауæг Иоанн*

**1** Хуыцауы Фырт Йесо Чырысти-
йы фарны уацы райдайæн.
**2** Исай-пехуымпармæ фыст у:
«Мæнæ Мæ фидиуæджы æрвитын
Дæ разæй, æмæ Дын уый æрцæттæ
кæндзæни Дæ фæндаг».
**3** «Æдзæрæг ран хъуысы фиди-
уæджы хъæлæс: „Æрцæттæ кæнут
Хицауæн фæндаг, æмраст Ын скæ-
нут Йæ цæуæнтæ“».
**4** Афтæ æдзæрæг бæстæйы фæ-
зынд Иоанн, аргъуыдта донæй æмæ
амыдта, зæгъгæ, цæмæй тæригъæд-
тæ хатыргонд уой, уый тыххæй сыл
хъæуы æрфæсмон кæнын æмæ ар-
гъуыд райсын.
**5** Цыдысты йæм æппæт иудейаг
бæстæйы адæм æмæ æппæт иеру-
салимæгтæ, æргом кодтой сæ тæри-
гъæдтæ, æмæ сыл Иоанн аргъуыд-
та Иорданы цæугæдоны.
**6** Иоанн дардта теуайы хъуынæй да-
рæс, йæ астæуыл та уыди гæрзæй рон;
хордта мæтыхтæ æмæ хъæддаг мыд.
**7** Адæмæн дзырдта: «Мæ фæдыл
æрбацæуы мæнæй Тыхджындæр.
Æз æргуыбыр кæнон æмæ Йын
Йæ дзабыры бос райхалон, уый ак-
каг дæр нæ дæн.
**8** Æз сымахыл донæй аргъуыд-
тон, Уый та уыл аргъаудзæни Сыгъ-
дæг Удæй».

*Иоанн саргъуыдта Йесойыл*

**9** Уыцы рæстæг Йесо æрцыди
галилейаг Назаретæй, æмæ Йыл
Иоанн саргъуыдта Иорданы цæугæ-
доны.
**10** Йесо донæй куы рацæйхызт,
уæд уайтæккæ федта, арвы дуар
куыд фегом, уый, æмæ Хуыцауы
Уды бæлонау Уымæ æрцæйцæугæ.
**11** Æмæ уæлæрвтæй æрыхъуыс-
ти хъæлæс: «Ды Мæ уарзон Фырт
дæ, Æз Дæуыл аудын».

*Хæйрæг къахы Йесойы*

**12** Уыйадыл Сыгъдæг Уд Йесо-
йы акодта æдзæрæг бæстæмæ.
**13** Æдзæрæг бæстæйы Йесо фæ-
ци дыууиссæдз боны, æмæ Йæ къах-
та хæйрæг. Йесо уыди сырдты æх-
сæн, зæдтæ Йын лæггад кодтой.

*Йесо хъусын кæны фарны уац*

**14** Иоанны куы æрцахстой, уæд
Йесо æрцыди Галилеймæ æмæ хъу-
сын кодта Хуыцауы фарны уац:
**15** «Æрцыд афон æмæ æрхæс-
тæг Хуыцауы Паддзахад! Æрфæс-
мон кæнут уæ тæригъæдтыл æмæ
æууæндут фарны уацыл».

---

**1:2** Мф. 11:10; Лк. 7:27. **1:3** Мф. 3:3; Лк. 3:4; Ин. 1:23. **1:4** Мф. 3:1; Лк. 3:3; Ин. 1:31. **1:6** Мф. 3:4. **1:7** Лк. 3:16; Ин. 1:27. **1:8** Ап. хъ. 1:5; 2:4; 1 Кор. 12:13. **1:9** Мф. 3:13; Лк. 3:21. **1:10** Мф. 3:16; Лк. 3:21; Ин. 1:32. **1:12** Мф. 4:1; Лк. 4:1. **1:14** Мф. 4:12; Лк. 4:14; Ин. 4:43. **1:15** Мф. 4:17.

*Фыццаг ахуыргæнинæгтæ*

**16** Йесо Галилейы денджызы былгæрæтты куы фæцæйцыди, уæд федта Симоны йе 'фсымæр Андреимæ. Уыдон сæ хызтæ æппæрстой денджызмæ, уымæн æмæ кæсагахсджытæ уыдысты.
**17** Йесо сын загъта: «Рацæут Мæ фæдыл, æмæ уæ скæндзынæн адæмахсджытæ».
**18** Уыдон уайтæккæ ныууагътой сæ хызтæ æмæ ацыдысты Йæ фæдыл.
**19** Йесо уырдыгæй иуцасдæр куы ауад, уæд федта Зеведейы фырт Иаковы йе 'фсымæр Иоаннимæ сæ хызтæ бæлæгъы æмпъузгæйæ.
**20** Йесо сæм уайтæккæ басидт. Уыдон сæ фыд Зеведейы æмæ æххуырст кусджыты ныуагътой бæлæгъы æмæ ацыдысты Йæ фæдыл.

*Хæйрæджджын сдзæбæх синагогæйы*

**21** Æрцыдысты Капернауммæ. Куыддæр сабат ралæууыд, афтæ Йесо бацыди синагогæмæ æмæ ахуыр кодта адæмы.
**22** Æмæ сæ дисы æфтыдта Йæ ахуырад, уымæн æмæ сын амыдта динамонджытау нæ, фæлæ барджынæй.
**23** Сæ синагогæйы уыди хæйрæджджын адæймаг. Уый ныхъхъæр кодта:
**24** «Цы Дæ хъæуы махæй, Назаретаг Йесо? Ды нæ фесафынмæ æрцыдтæ! Æз зонын, Чи дæ, уый — Ды Хуыцауы Сыгъдæг дæ».
**25** Йесо æнæзæгъинагæн бардзырд радта: «Банцай æмæ дзы рацу».
**26** Æнæзæгъинаг ныууыгъта уыцы адæймаджы, ныхъхъæр кодта æмæ дзы рацыд.
**27** Æппæт адæм дæр дисы бафтыдысты æмæ кæрæдзи фарстой: «Уый цы уа? Уый цавæр ног ахуырад у? Барджынæй куы дзуры. Æнæзæгъинæгтæн дæр дæтты бардзырд, æмæ кæсынц Йæ коммæ».
**28** Æппæт Галилейыл уайтагъд айхъуыст Йесойы кой.

*Йесо сдзæбæх кодта Петры усы мады æмæ иннæты*

**29** Уыйадыл рацыдысты синагогæйæ. Æмæ Йесо Иаков æмæ Иоаннимæ бацыди Симон æмæ Андрейы хæдзармæ.
**30** Симоны усы мад тæвднизæй сади. Æмæ сылгоймаджы тыххæй уайтæккæ загътой Йесойæн.
**31** Йесо йæм бацыди, рахæцыд ын йæ къухыл æмæ йæ сыстын кодта. Сылгоймагæн æрхауд йæ тæвд, æмæ сын райдыдта кæстæриуæг кæнын.
**32** Хур куы аныгуылд æмæ куы баизæр, уæд Æм хæссын райдыдтой æппæт рынчынты æмæ хæйрæджджынты.
**33** Æмæ æгас сахар æрæмбырд дуары цурмæ.
**34** Йесо сдзæбæх кодта, алыхуызон низтæй чи сади, бирæ ахæмты, æмæ адæмæй расырдта бирæ дæлимонтæ. Дæлимонтæн нæ лæвæрдта

---

[1:16] Мф. 4:18. [1:21] Мф. 4:13; Лк. 4:31. [1:22] Мф. 7:28; Лк. 4:32. [1:23] Лк. 4:33. [1:24] Мф. 8:29; Иак. 2:19. [1:29] Мф. 8:14; Лк. 4:38. [1:32] Мф. 8:16; Лк. 4:40.

дзурыны бар, уымæн æмæ Йæ зон-
гæ кодтой.

*Йесо хъусын кæны фарны уац*

35 Сæударæй Йесо сыстад æмæ
рацыд, араст хибар ранмæ æмæ уым
куывта.
36 Симон йе 'мбæлттимæ ацы-
ди Йæ агурæг.
37 Æмæ Йæ куы ссардтой, уæд
Ын загътой: «Адæм иууылдæр Дæу
агурынц».
38 Йесо сын загъта: «Цом хæс-
тæг хъæутæ æмæ сахартæм, æмæ уым
дæр хъусын кæнон фарны уац, уы-
мæн æмæ Æз уый тыххæй æрцыд-
тæн».
39 Æмæ æппæт Галилейы сина-
гогæты хъусын кодта фарны уац,
адæмæй сырдта дæлимонты.

*Хъотырджын сдзæбæх*

40 Йесомæ æрцыди хъотырджын,
Йæ разы æрхауди зонгуытыл æмæ
Йын лæгъстæ кодта: «Кæд Дæ фæн-
ды, уæд Дæ бон у, æмæ мæ ссыгъ-
дæг кæнай».
41 Йесо йын фæтæригъæд код-
та, Йæ къух радардта, бандзæвыд
ыл æмæ йын загъта: «Фæнды Мæ,
ссыгъдæг у».
42 Хъотыр æй уыйадыл ныууагъ-
та, æмæ ссыгъдæг.
43 Уыйадыл æй Йесо уырдыгæй
арвыста. Карз ын бафæдзæхста:
44 «Хъусыс, макæмæн мацы зæгъ,
фæлæ ацу, дæхи фенын кæн сау-
джынæн, æмæ кæй ссыгъдæг дæ,
уый тыххæй æрхæсс нывонд, Мои-
сей куыд бафæдзæхста, афтæ – кæй
сдзæбæх дæ, уымæн æвдисæйна-
гæн».
45 Уый та ацыд, æмæ йыл цы
æрцыд, уый тыххæй дзурын рай-
дыдта алы ран дæр. Уæд Йесойæн
æргомæй сахартæм бацæуæн нал
уыд, æмæ-иу баззад фæссахар, адæм
кæм нæ уыд, уым. Фæлæ Йæм уæд-
дæр цыдысты алырдыгæй.

# – 2 –

*Уæнгмард сдзæбæх*

1 Цалдæр боны фæстæ Йесо но-
гæй æрцыди Капернауммæ æмæ,
хæдзары кæй ис, уый айхъуыст
адæмыл.
2 Уыйбæрц адæм æрæмбырд,
æмæ суанг дуæртты цур дæр бы-
нат нал уыд. Æмæ сæ Йесо ахуыр
кодта.
3 Æрцыдысты Йæм уæнгмарди-
мæ, хастой йæ цыппарæй.
4 Адæм уыйас бирæ уыдысты,
æмæ Йæм рынчыны бахæссын сæ
бон нæ уыд. Уæд байгом кодтой,
Йесо кæм уыди, уыцы хæдзары сæр,
ныххуынкъ кодтой цар æмæ дзы
хуыссæныл уæнгмарды æруагътой.
5 Йесо сын федта сæ уырнын-
дзинад æмæ уæнгмардæн загъта:
«Мæ хъæбул, хатыр дын сты дæ
тæригъæдтæ».
6 Уым бадтысты динамонджы-
тæ цалдæрæй æмæ хинымæр дзырд-
той:
7 «Уый цытæ дзуры? Хуыцауы
куы фауы. Иунæг Хуыцауы йед-
дæмæ тæригъæдтæ хатыр кæнын
кæй бон у?»

---

1:34 Мк. 3:12; Лк. 4:41; Ап. хъ. 16:17; 19:15. 1:38 Лк. 4:43. 1:40 Мф. 8:2; Лк. 5:12.
1:44 Мф. 8:4; Лк. 5:14. 2:3 Мф. 9:2; Лк. 5:18.

**8** Йесо сын уайтæккæ базыдта сæ хъуыдытæ, æмæ загъта: «Цæмæн афтæ хъуыды кæнут?

**9** Цы æнцондæр у – зæгъын уæнгмардæн: „Хатыр дын сты дæ тæригъæдтæ“, æви: „Рабад, сис дæ хуыссæн æмæ райдай цæуын“?

**10** Фæлæ сымах хъуамæ зонат, Адæймаджы Фыртæн кæй ис зæххыл тæригъæдтæ хатыр кæныны бар». Æмæ загъта уæнгмардæн:

**11** «Дæумæ дзурын: рабад, сис дæ хуыссæн æмæ цу дæ хæдзармæ».

**12** Уæнгмард рабадт, уайтæккæ systa йæ хуыссæн, æмæ йæ сеппæт дæр федтой рацæугæ. Адæм ииуылдæр дисы бафтыдысты, кад кодтой Хуыцауæн æмæ дзырдтой: «Ахæмæй никуыма ницы федтам».

*Левий ацыди Йесоимæ*

**13** Йесо та ногæй рацыди денджызы былмæ. Уырдæм Æм æрцыди бирæ адæм æмæ сæ ахуыр кодта.

**14** Куы фæцæйцыди, уæд хъалонисæн бынаты бадгæ федта Алфейы фырт Левийы, æмæ йын загъта: «Рацу Мæ фæдыл». Уый сыстад æмæ ацыд Йæ фæдыл.

**15** Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ Левийы хæдзары фынгыл куы бадти, уæд семæ уыдысты бирæ хъалонисджытæ æмæ тæригъæдджынтæ – Йесойы фæдыл бирæ ахæм адæм цыди.

**16** Динамонджытæ æмæ Йæ фарисейтæ фынгыл хъалонисджытæ æмæ тæригъæдджынтимæ бадгæ куы федтой, уæд Ын Йæ ахуыргæнинæгтæн дзырдтой: «Уый хъалонисджытæ æмæ тæригъæдджынтимæ куыд хæры?»

**17** Йесо уый куы фехъуыста, уæд сын загъта: «Дохтыр æнæнизты нæ, фæлæ рынчынты хъæуы. Æз æрцыдтæн рæстыты нæ, фæлæ тæригъæдджынты æрхонынмæ».

*Ком дарыны тыххæй*

**18** Иоанны ахуыргæнинæгтæ æмæ фарисейтæ ком дардтой. Уæд чидæртæ æрцыдысты Йесомæ æмæ Йын загътой: «Иоанны ахуыргæнинæгтæ æмæ фарисейты ахуыргæнинæгтæ ком куы дарынц, уæд Дæ ахуыргæнинæгтæ та цæуылнæ дарынц ком?»

**19** Йесо сын загъта: «Чындзхæсджытимæ сиахсаг цалынмæ вæййы, уæдмæ ком фæдарынц, мыййаг? Сиахсаг цалынмæ семæ вæййы, уæдмæ ком нæ фæдарынц.

**20** Фæлæ ралæудзæни, сиахсаджы сын куы байсой, уыцы афон, æмæ уæд дардзысты ком.

**21** Ног хъуымацæй зæронд дарæсыл ничи æвæры æмпъузæн, науæд æмпъузæн ратондзæн дарæсæй – ног ратондзæн зæрондæй, æмæ скъуыд фестырдæр уыдзæн.

**22** Ногдыгъд сæн дæр зæронд лалымты ничи ныккæны, науæд ногдыгъд сæн арæмудздзæни зæронд лалымтæ, æмæ сæн дæр акæлдзæни, лалымтæ дæр фесæфдзысты. Ногдыгъд сæн ног лалымты ныккæнын хъæуы».

*Йесо æмæ сабат*

**23** Йесо сабаты фæцæйцыд æфсирджын хуымты. Йæ ахуыргæ-

2:8 Ин. 2:24; 6:64. 2:9 Мф. 9:5; Лк. 5:23. 2:14 Мф. 9:9; Лк. 5:27. 2:17 Мф. 9:13; Лк. 5:32; 1 Тим. 1:15. 2:18 Мф. 9:14; Лк. 5:33. 2:21 Мф. 9:16; Лк. 5:36.

нинæгтæ фæндагыл райдыдтой æфсиртæ тонын.

**24** Æмæ Йын фарисейтæ загътой: «Кæс-ма! Сабаты цы нæ фæччы, уый цæмæн кæнынц?»

**25** Йесо сын дзуапп радта: «Давид йе 'мбæлттимæ куы сыстонг æмæ сæм хойраг куы нæ уыд, уæд цы бакодта, уый тыххæй нæ кастыстут, æви?

**26** Авиафар алчер куы уыд, уыцы рæстæг Давид бацыди Хуыцауы хæдзармæ æмæ бахордта, æрмæст сауджынтæн хæрын кæй æмбæлд, уыцы нывонд дзултæ, æмæ ма дзы йе 'мбæлттæн дæр радта».

**27** Йесо ма сын загъта: «Сабат адæймагæн у, адæймаджы сабатæн не сфæлдыстæуыд.

**28** Уымæ гæсгæ Адæймаджы Фырт сабатæн дæр хицау у».

## – 3 –

*Цæнкуыл сдзæбæх*

**1** Йесо ногæй бацыди синагогæмæ. Уыди дзы, йæ къух хуыскъ кæмæн уыд, ахæм адæймаг.

**2** Йесомæ сæ цæст дардтой, кæд æй сабаты сдзæбæх кæнид, зæгъгæ, цæмæй Йæ фæзылын кæной.

**3** Йæ къух хуыскъ кæмæн уыди, уыцы адæймагæн Йесо загъта: «Рацу адæмы размæ».

**4** Æмæ сæ бафарста: «Сабаты хорз кæнын æмбæлы æви æвзæр? Уд фервæзын кæнын æви йæ фесафын?» Æмæ ницы дзырдтой.

**5** Йесо сыл тызмæгæй ахаста Йæ цæст, сæ зæрдæтæ кæй ныддур сты, ууыл хъыг кæнгæйæ. Æмæ загъта цæнкуылæн: «Радар-ма дæ къух». Уый радардта йæ къух, æмæ йын сдзæбæх.

**6** Фарисейтæ рацыдысты, æмæ уыйадыл Ироды фарсдарджытимæ уынаффæ кæнын райдыдтой, Йесойы цы амалæй амарой, ууыл.

*Адæм цæуынц Йесойы фæдыл*

**7** Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ араст денджызмæ. Йæ фæдыл бирæ адæм ацыди Галилейæ, Иудейæйæ,

**8** Иерусалимæй, Идумейæ, Иорданы фаллаг фарсæй, Тир æмæ Сидоны алфамбылайæ – æрцыд Æм бирæ адæм, цы хъуыддæгтæ аразы, уыдоны тыххæй куы фехъуыстой, уæд.

**9** Æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæн бафæдзæхста бæлæгъ Ын цæттæйæ дарын, утæппæт адæм Æй куыд нæ ныцъцъист кæной, афтæ.

**10** Уымæн æмæ Йесо сдзæбæх кодта бирæты, æмæ Йыл æппæт рынчынтæ æппæрстой сæхи, цæмæй Йыл бандзæвой.

**11** Æнæзæгъинæгтæ-иу Æй куы федтой, уæд-иу Йæ разы сæхи аппæрстой дæлгоммæ, æмæ хъæр кодтой: «Ды Хуыцауы Фырт дæ!»

**12** Фæлæ-иу сын Йесо бардзырд радта, цæмæй ма дзурой, Чи у, уый тыххæй.

*Дыууадæс апостолы*

**13** Уый фæстæ Йесо ссыди хохмæ æмæ басидти, Йæхи кæй фæндыд, уыдонмæ. Æмæ Йæм æрбацыдысты.

---

2:23 Мф. 12:1; Лк. 6:1. 2:26 Мф. 12:4; Лк. 6:4. 3:1 Мф. 12:9; Лк. 6:6. 3:6 Ин. 10:39. 3:7 Мф. 4:25. 3:11 Мф. 16:16.

**14** Сæ дыууадæсы дæр сæвæрдта апостолтæй, цæмæй уой Йемæ, æрвита сæ Хуыцауы ныхас хъусынкæнынмæ,

**15** Уа сæм адæмæй дæлимонтæ сурыны тых.

**16** Сæвæрдта Симоны æмæ йæ схуыдта Петр;

**17** Зеведейы фырт Иаковы æмæ уый æфсымæр Иоанны, æмæ сæ схуыдта Воанергес (ома, Æрвнæрды фырттæ);

**18** Андрейы, Филиппы, Варфоломейы, Матфейы, Фомайы, Алфейы фырт Иаковы, Фаддейы, Симон Кананиты

**19** Æмæ Йесойыл гадзрахатæй рацæуæг Иудæ Искариоты.

### *Кæй хъаруйæ сырдæуы дæлимонты*

**20** Йесо бацыд хæдзармæ. Уыйбæрц адæм та æрæмбырд, æмæ Йесойæн Йæ ахуыргæнинæгтимæ бахæрыны фадат дæр нал уыди.

**21** Йæ хæстæджытæ уыдæттæ куы фехъуыстой, уæд Æм ацыдысты æркæнынмæ, уымæн æмæ айхъуыст, Йæ зонд фæцыди, зæгъгæ.

**22** Иерусалимæй æрцæуæг динамонджытæ дзырдтой, веелзевулы дæлбар у, зæгъгæ, æмæ дæлимонты суры дæлимонты æлдары хъаруйæ.

**23** Йесо сæм басидт æмæ сын райдыдта фæсномыг ныхæстæй дзурын: «Хæйрæг йæхæдæг йæхи куыд хъуамæ расура?

**24** Паддзахад куы ныддихтæ уа æмæ йæ адæм кæрæдзи ныхмæ куы фæуой, уæд уыцы паддзахад нæ фæлæудзæн.

**25** Хæдзар дæр куы ныддихтæ уа æмæ хæдзаронтæ кæрæдзи ныхмæ куы фæуой, уæд уыцы хæдзар дæр нæ фæлæудзæн.

**26** Уæдæ кæд хæйрæг йæхи ныхмæ тох кæны, уæд æрцыд йæ кæрон.

**27** Никæй бон бауыдзæн тыхджыны хæдзармæ бацæуын æмæ йын йæ дзауматæ рахæссын, раздæр уал тыхджыны куы нæ сбæтта, уæд. Æрмæст ын уæд фæкъахдзæн йæ хæдзар.

**28** Æцæг уын зæгъын: адæмæн хатыргонд уыдзысты æппæт тæригъæдтæ æмæ алы хуызы фауæнтæ,

**29** Фæлæ Сыгъдæг Уды чи рафауа, уымæн мыггагмæ дæр нæ уыдзæни хатыр — уыцы тæригъæды тыххæй азымджын уыдзæни мыггагмæ».

**30** Йесо афтæ уый тыххæй загъта, æмæ Дзы дзырдтой, æнæзæгъинаджы дæлбар у, зæгъгæ.

### *Йесойы Мад æмæ æфсымæртæ*

**31** Æрцыдысты Йесойы Мад æмæ æфсымæртæ. Лæууыдысты æдде æмæ Йæм фæдзурын кодтой.

**32** Йæ алыварс бирæ адæм бадти. Йесойæн загътой: «Дæ Мад, Де ’фсымæртæ, Дæ хотæ лæууынц æдде æмæ Дæ агурынц».

**33** Йесо сын дзуапп радта: «Чи сты Мæ мад æмæ Ме ’фсымæртæ?»

**34** Æмæ, Йæ алыварс бадджытыл Йæ цæст ахæсгæйæ, загъта: «Мæнæ Мæ мад æмæ Ме ’фсымæртæ.

---

**3:14** Мф. 10:1; Лк. 9:1. **3:16** Мф. 16:18. **3:21** Ин. 10:20. **3:22** Мф. 9:34; Лк. 11:15. **3:24** Мф. 12:25; Лк. 11:17. **3:28** Мф. 12:31; Лк. 12:10; 1 Ин. 5:16; Дзут. 10:26. **3:31** Мф. 12:46; Лк. 8:19.

**35** Уымæн æмæ Хуыцауы фæндон чи æххæст кæны, уый у Ме ’фсымæр, Мæ хо æмæ Мæ мад».

## – 4 –

*Фæсномыг ныхас тауæджы тыххæй*

**1** Йесо ногæй амонын райдыдта денджызы былыл. Уыйас бирæ адæм æрæмбырд, æмæ Уый бахызти бæлæгъмæ æмæ дзы æрбадт; адæм та иууылдæр денджызы былгæрон уыдысты.

**2** Бирæ сын амыдта фæсномыг ныхæстæй æмæ сæ ахуыр кодта:

**3** «Байхъусут: мæнæ тауæг рацыди тауынмæ.

**4** Таугæ-тауын иугай нæмгуытæ æрхаудысты фæндаггæрон, æртахтысты мæргътæ æмæ сæ рауыгътой.

**5** Иуæй-иутæ дзы æрхаудысты, сыджыт бирæ кæм нæ уыд, ахæм дурджын ран, æмæ уайтагъд сæвзæрдысты, уымæн æмæ зæхх арф нæ уыд.

**6** Æмæ хур куы скаст, уæд сæ басыгъта æмæ бахус сты, уымæн æмæ сын уидаг нæ уыд.

**7** Иуæй-иутæ дзы æрхаудысты сындзыты æхсæн, сындзытæ сзадысты, ныххурх сæ кодтой, æмæ нæмгуытæ тыллæг нæ радтой.

**8** Иуæй-иутæ та дзы æрхаудысты бæзнаг мæрыл, схæцыдысты сæхиуыл, сырæзыдысты æмæ радтой: иу – дæс æмæ ссæдз хатты, иннæ – æртиссæдз хатты, æртыккаг – фондзыссæдз хатты фылдæр тыллæг».

**9** Æмæ сын ноджы загъта: «Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!»

**10** Адæм куы ацыдысты, уæд дыууадæс ахуыргæнинаджы, стæй ма уым чи баззади, уыдон дæр Æй фæсномыг ныхæсты тыххæй бафарстой.

**11** Йесо сын загъта: «Сымахæн Хуыцауы Паддзахады сусæгдзинад зонын лæвæрд у, уыдонæн та, æддагæттæн, æппæт дæр фæсномыг ныхæстæй амындæуы,

**12** Цæмæй „цæстæй кæсой, фæлæ ма уыной, хъусæй хъусой, фæлæ ма æмбарой, æмæ ма раздæхой Хуыцаумæ æмæ сын барст ма уой сæ тæригъæдтæ“».

**13** Загъта ма сын: «Ацы фæсномыг ныхас не ’мбарут, æви? Уæд иннæ фæсномыг ныхæстæ та куыд бамбардзыстут?

**14** Тауæг ныхас тауы.

**15** Мæнæ фæндаггæрон чи æрхауд, уыдон: куыддæр ныхас фехъусынц, афтæ æрцæуы хæйрæг æмæ сын ахæссы сæ зæрдæйы тыд ныхас.

**16** Мæнæ дурджын ран кæй байтыдæуыд, уыдон дæр: ныхас куы фехъусынц, уæд æй уыйадыл цингæнгæ айсынц сæ зæрдæмæ,

**17** Фæлæ æнæуидаг сты æмæ бирæ нæ бафæразынц. Тыхст рæстæг куы ралæууы, кæнæ Хуыцауы ныхасы тыххæй æфхæрын куы райдайынц, уæд уайтагъд ныуудзынц сæ уырнындзинад.

**18** Иннæтæ та сты, сындзыты æхсæн кæй байтыдæуыд, уыдон: ныхас фехъусынц,

---

4:1 Мф. 13:1; Лк. 8:4. 4:11 Мф. 11:25; 16:17; 1 Кор. 2:10. 4:12 Мф. 13:14; Лк. 8:10; Ин. 12:40. 4:14 Мф. 13:18; Лк. 8:11. 4:16 Ин. 5:35.

**19** Фæлæ сын зæххон царды мæт,
мулчы бæллиц æмæ æндæр мондæг-
тæ бацахсынц сæ зæрдæ, ныххурх
кæнынц ныхас, æмæ пайда нæ ратты.
**20** Мæнæ бæзнаг мæрыл кæй
байтыдæуыд, уыдон дæр: фехъу-
сынц ныхас æмæ йæ айсынц сæ
зæрдæмæ; æмæ сæ иу ратты дæс
æмæ ссæдз хатты, иннæ – æрти-
ссæдз хатты, аннæ та – фондзы-
ссæдз хатты фылдæр пайда».

*Фæсномыг ныхас цырагъы тыххæй*

**21** Йесо сын загъта: «Цырагъ
агъуыстмæ уый тыххæй, мыййаг, ба-
хæссынц, цæмæй йæ дурыны кæнæ
сынтæджы бын бавæрой? Цырагъ-
дарæныл æй нæ сæвæрынц, æви?
**22** Цы нæ раргом уа, ахæм су-
сæггаг нæй, æмæ цы нæ рахъæр уа,
ахæм сусæгдзинад нæ вæййы.
**23** Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!»
**24** Æмæ сын загъта: «Цы хъусут,
ууыл-иу ахъуыды кæнут. Цы барæ-
нæй барут, ахæмæй сымахæн дæр
сбарстæуыдзæн æмæ ма уын но-
джыдæр рардæуыдзæн.
**25** Уымæн æмæ кæмæ ис, уымæн
рардæуыдзæн; кæмæ нæй, уымæй
та ист æрцæудзæн, цы йæм ис, уый
дæр».

*Фæсномыг ныхас*
*тауинаг æмæ æвзарты тыххæй*

**26** Йесо загъта: «Уæларвон Пад-
дзахад ахæм у. Адæймаг зæххы бай-
тауы йæ тауинаг,
**27** Æхсæвыгон вæййы фынæй,
бонæй та сысты; уæдмæ мыггаг суа-
дзы æвзар æмæ рæзы. Куыд рæзы,
уый та адæймаг нæ зоны.
**28** Уымæн æмæ зæхх йæхæдæг
ратты тыллæг: фыццаг æвзар, стæй
æфсир, уый фæстæ та – нарст нæ-
мыг æфсирыл.
**29** Æмæ хуым куы фæбур вæй-
йы, уæд адæймаг уайтагъд рауадзы
йе 'хсырф, уымæн æмæ ралæууыд
кæрдыны афон».

*Фæсномыг ныхас*
*хъыцъыйы нæмыджы тыххæй*

**30** Йесо дарддæр дзырдта: «Цæ-
уыл абарæм Хуыцауы Паддзахад?
Кæнæ йæ цавæр фæсномыг ныха-
сæй равдисæм?
**31** Уый хъыцъыйы нæмыгау у.
Таугæ йæ куы фæкæнынц, уæд зæх-
хыл цы мыггæгтæ ис, æппæт уыдо-
нæн сæ къаддæр вæййы.
**32** Фæлæ йæ куы байтауынц, уæд
сзайы æмæ цæхæрадоны æппæт за-
йæгойтæй дæр фæбæрзонддæр вæй-
йы, рауадзы стыр къалиутæ, æмæ
йæ ауuоны уæларвон мæргътæн сæ
бон вæййы ахстæттæ аразын».
**33** Ахæм фæсномыг ныхæстæй
сын Йесо амыдта бирæ, сæ бон
бамбарын цас уыд, уыйас.
**34** Æнæ фæсномыг ныхасæй сын
ницы дзырдта, Йæ ахуыргæнинæг-
тæн та хибарæй æмбарын кодта
æппæт дæр.

*Уад байхъуыста Йесомæ*

**35** Уыцы бон изæрæй Йесо Йæ
ахуыргæнинæгтæн загъта: «Ахизæм
денджызы фаллаг фарсмæ».

---

**4:21** Мф. 5:15; Лк. 8:16. **4:22** Мф. 10:26; Лк. 8:17; 12:2. **4:24** Мф. 7:2; Лк. 6:38. **4:25** Мф. 13:12; 25:29; Лк. 8:18; 19:26. **4:30** Мф. 13:31; Лк. 13:18. **4:33** Мф. 13:34. **4:35** Мф. 8:23; Лк. 8:22.

**36** Ахуыргæнинæгтæ ауагътой
адæмы æмæ, Йесо цы бæлæгъы уы-
ди, уым араст сты Йемæ. Йесоимæ
ма рацыд æндæр бæлæгътæ дæр.
**37** Сыстади тыхджын уад, уы-
лæнтæ бæлæгъыл афтæ тынг цав-
той сæхи, æмæ бæлæгъ фæцæйдзаг
кодта донæй.
**38** Йесо та фæстаг къуымы код-
та фынæй, Йæ сæр базыл æрæвæр-
гæйæ. Райхъал Æй кодтой æмæ
Йын загътой: «Ахуыргæнæг, сæф-
гæ кæй кæнæм, уый Дæм нæ хъа-
ры, æви?»
**39** Йесо сыстади, бардзырд рад-
та уадæн æмæ загъта денджызæн:
«Банцай, ныссабыр у». Уад бан-
цад, æмæ бæстæ ныссабыр.
**40** Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн
загъта: «Цæмæн афтæ тæппуд стут?
Нырма дæр уæм уырнындзинад нæ-
ма ис?»
**41** Уыдон тынг фæтарстысты,
æмæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Уый
Чи уа, уад æмæ денджыз Кæй ком-
мæ кæсынц?»

## – 5 –

*Йесо сдзæбæх кодта*
*хæйрæджджыны*

**1** Бахæццæ сты денджызы иннæ
фарсмæ, Гадарæйы бæстæмæ.
**2** Йесо бæлæгъæй куыддæр ра-
хызт, афтæ зæппæдзтæй Йæ размæ
рацыди хæйрæдджджын лæг.
**3** Уый царди зæппæдзты. Суанг
æй рæхыстæй сбæттын дæр ничи-
уал фæрæзта –
**4** Бирæ хæттыты-иу баст æр-
цыди хъадамантæ æмæ рæхыстæй,
фæлæ-иу арæдывта йæ рæхыстæ
æмæ-иу ныссаста йæ хъадамантæ.
Уый басæттыны хъару никæмæ уыд.
**5** Иудадзыг, æхсæвæй-бонæй,
хъæр кодта зæппæдзты æмæ хæх-
ты, йæхи хоста дуртыл.
**6** Йесойы дардмæ куы ауыдта,
уæд Æм æрбазгъордта, æрзоныгыл
**7** Æмæ ныхъхъæр кодта: «Цы Дæ
хъæуы мæнæй, Йесо, Дунедарæг
Хуыцауы Фырт? Хуыцауы хатыр
бакæн, хъизæмарæй мæ ма мар!»
**8** Уымæн æмæ йын Йесо афтæ
загъта: «Æнæзæгъинаг, рацу ацы
адæймагæй».
**9** Йесо йæ бафарста: «Дæ ном
куыд у?» Уый Йын загъта: «Мæ
ном – легион, уымæн æмæ мах би-
рæ стæм».
**10** Æмæ лæгъстæ кодта Йесо-
йæн, цæмæй сæ уыцы бæстæйæ ма
арвита.
**11** Уым уæлхох хызти хуыты
стыр дзуг,
**12** Æмæ дæлимонтæ куырдтой
Йесойæ: «Хуытæм нæ барвит, цæ-
мæй сæ мидæг бацæуæм».
**13** Йесо сын бар радта. Æнæзæ-
гъинæгтæ рацыдысты уыцы лæгæй,
æмæ бацыдысты хуыты. Æмæ уы-
цы дзуг (уыдаид дзы иу дыууæ ми-
ны бæрц) къардиуæй денджызмæ
фехста йæхи, æмæ фæдæлдон.
**14** Хуыгæстæ азгъордтой, æмæ
хабар радзырдтой сахар æмæ хъæу-
ты. Æмæ цы æрцыд, уый фенын-
мæ рацыдысты адæм.
**15** Æрбацыдысты Йесомæ, æмæ
дæлимонты легион кæй мидæг
уыд, уыцы хæйрæджджыны фед-
той йæ дарæсы бадгæ, йæ зонд

[5:1] Мф. 8:28; Лк. 8:26.

йæхимæ уыд, афтæмæй. Æмæ старстысты.

**16** Цы æрцыд, уый фенæг адæм сын ракодтой хæйрæдджыны æмæ хуыты хабар.

**17** Уæд Йесомæ райдыдтой хатын, цæмæй ацæуа сæ зæххæй.

**18** Йесо бæлæгъмæ куы бацæйхызт, уæд Дзы раздæры хæйрæдджын куырдта, цæмæй йæ уадза Йемæ.

**19** Фæлæ Йесо не сразы æмæ йын загъта: «Ацу дæ хæдзармæ æмæ дæ бинонтæн радзур, Хуыцау дын цы сарæзта æмæ дæм Йæ хорзæх куыд равдыста, уый тыххæй».

**20** Уый ацыд, æмæ Дæссахары райдыдта дзурын, Йесо йын цы сарæзта, уый тыххæй. Æмæ иууылдæр дисы æфтыдысты.

*Чызг райгас, сылгоймаг сдзæбæх*

**21** Йесо бæлæгъы денджызы иннæ фарсмæ куы æрбаздæхт, уæд Æм æрæмбырд бирæ адæм. Денджызы былгæрон ма куы уыд,

**22** Уæд Æм æрцыди синагогæйы хицæуттæй иу, йæ ном Иаир. Йесойы куы федта, уæд Ын Йæ къæхтæм йæхи æрæппæрста,

**23** Æмæ Йын тынг лæгъстæ кодта: «Мæ чызг мæлгæ кæны; æрцу æмæ йыл æрæвæр Дæ къухтæ, цæмæй сдзæбæх уа æмæ цæра».

**24** Йесо араст йемæ. Йæ фæдыл цыди бирæ адæм, æмæ Йæ цъист кодтой.

**25** Иу сылгоймагæн дыууадæс азы дæргъы йæ туг цæуынæй не 'нцад.

**26** Бирæ дохтыртæ йын бирæ хъизæмар бавзарын кодтой, цыдæриддæр æм уыди, уый иууылдæр бахардз кодта, фæлæ йын ницы феххуыс — æрцыди фыддæр уавæрмæ.

**27** Йесойы тыххæй куы фехъуыста, уæд чъылдымырдыгæй æрбацыд адæмы æхсæнты æмæ Йын бандзæвыд Йæ дарæсыл.

**28** Уымæн æмæ хинымæр дзырдта: «Æрмæст Йæ дарæсыл Ын куы бандзæвон, уæд дæр сдзæбæх уыдзынæн».

**29** Туг уайтæккæ банцад йæ цæуынæй, æмæ сылгоймаг буарæй банкъардта, йæ низæй кæй сдзæбæх, уый.

**30** Тых Дзы кæй рацыд, уый Йесо уыйадыл банкъардта, разылд адæммæ æмæ загъта: «Чи бандзæвыд Мæ дарæсыл?»

**31** Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын загътой: «Адæм Дæ куыд цъист кæнынц, уый уыныс, уæддæр ма фæрсыс: „Чи Мыл бандзæвыд?"»

**32** Фæлæ Йыл чи бандзæвыд, уыцы сылгоймаджы феныны тыххæй Йесо адæмыл хаста Йæ цæст.

**33** Сылгоймаг та, цы йыл æрцыд, уый зонгæйæ, тæрсгæ-ризгæйæ бацыд Йесомæ, Йæ къæхтæм æрæппæрста йæхи, æмæ Йын æппæт дæр радзырдта, куыд уыд, афтæ.

**34** Йесо йын загъта: «Мæ чызг, дæ уырнындзинад дæ фервæзын кодта. Цу фарнимæ æмæ æнæниз у».

**35** Йесо Йæ ныхас нæма фæци, афтæ синагогæйы хицаумæ æрцыдысты йæ хæдзарæй, æмæ йын загътой: «Дæ чызг амард. Ахуыргæнæджы ма цы фæлмæцын кæныс?»

---

5:25 Мф. 9:20. 5:30 Лк. 8:45. 5:35 Лк. 8:49.

**36** Фæлæ Йесо, уыцы ныхæстæ ницæмæ даргæйæ, синагогæйы хицауæн загъта: «Ма тæрс, æрмæст æууæнд».

**37** Петр, Иаков æмæ Иаковы æфсымæр Иоанны йеддæмæ Йесо никæй бауагъта Йемæ ацæуын.

**38** Æрцыдысты синагогæйы хицауы хæдзармæ. Йесо адæмы федта тыхстæй, кæугæйæ, сæ хъæлæсыдзаг дзыназгæйæ.

**39** Бацыди мидæмæ æмæ сын загъта: «Цы стыхстыстут æмæ цæуыл кæут? Саби мард нæу, фынæй у».

**40** Æмæ Йыл худтысты. Фæлæ Йесо сеппæты дæр рарвыста æддæмæ, Йемæ райста сабийы фыд æмæ мады, стæй Йе 'мбæлццæтты, æмæ бацыди, саби кæм уыд, уырдæм.

**41** Ныххæцыд сабийæн йæ къухыл, æмæ йын загъта: «Талита, кум». Ома: «Чызгай, дæумæ дзурын, рабад».

**42** Чызг уайтæккæ рабадт æмæ райдыдта цæуын. Цыдаид ыл иу дыууадæс азы. Сеппæт дæр стыр дисы бафтыдысты.

**43** Фæлæ сын Йесо тынг бафæдзæхста, уый тыххæй мачи базонæд, зæгъгæ. Стæй ма сын загъта, цæмæй чызгæн раттой хæринаг.

## — 6 —

*Назареты синагогæйы*

**1** Йесо уырдыгæй араст Йæ ахуыргæнинæгтимæ æмæ æрцыд Йæ сахармæ.

**2** Сабат куы ралæууыд, уæд райдыдта амонын синагогæйы, æмæ Йæм цы бирæ адæм хъуыста, уыдон дисы æфтыдысты æмæ дзырдтой: «Æппæт адæттæ Йын кæцæй сты? Уагæр Ын цавæр зонд рардæуыд, æмæ ахæм диссæгтæ аразын Йæ бон куыд у?

**3** Ай хъæддæсны нæу, мыййаг, Мариайы фырт, Иаковы, Иосифы, Иудæйы æмæ Симоны æфсымæр? Йæ хотæ дæр ам, не 'хсæн, не сты, æви?» Æмæ Йыл не 'ууæндыдысты.

**4** Йесо сын загъта: «Пехуымпар йæ фыдыбæстæ, йæ хæстæджытæ æмæ йæ хæдзарæй дарддæр æгад никуы вæййы».

**5** Æмæ уым иу диссаг саразын дæр Йæ бон нæ уыд; æрмæст Йæ къухтæ æрæвæрдта цалдæр рынчыныл æмæ сæ сдзæбæх кодта.

**6** Дисы Йæ æфтыдта се 'нæуырныдзинад. Уый фæстæ зылди хæстæг хъæутыл æмæ ахуыр кодта адæмы.

*Дыууадæс ахуыргæнинаджы*

**7** Йесо басидт Йæ дыууадæс ахуыргæнинагмæ, арвыста сæ дыгæйттæй, æмæ сын радта тых, цæмæй сæ бар цæуа æнæзæгъинæгтыл.

**8** Æмæ сын бафæдзæхста: «Лæдзæг йеддæмæ фæндагмæ уемæ мацы райсут — нæдæр хойраг, нæдæр хордзен, нæдæр æхца уæ роны.

**9** Фæлæ дзабыртæ дарын уæ бон у, æрмæст-иу уæ уæлæ дыгай хæдæттæ ма скæнут».

**10** Загъта ма сын: «Цы хæдзармæ-иу бацæуат, уым-иу баззайут, цалынмæ уырдыгæй рацæуат, уæдмæ.

---

[6:1] Мф. 13:54; Лк. 4:16. [6:2] Мф. 7:28; Мк. 1:27. [6:3] Лк. 4:22; Ин. 6:42. [6:4] Мф. 13:57; Лк. 4:24; Ин. 4:44. [6:6] Мф. 9:35. [6:7] Мф. 10:1; Лк. 9:1.

**11** Кæм уæ не суазæг кæной æмæ уæм кæм нæ байхъусой, уырдыгæй куы рацæуат, уæд та-иу ацæгъдут уæ къæхты рыг – аххосджын кæй сты, уымæн æвдисæйнагæн. [Æцæг уын зæгъын: Содом æмæ Гоморрæйæн тæрхоны бон уыцы сахарæй æнцондæр уыдзæн.]»

**12** Ахуыргæнинæгтæ ацыдысты æмæ адæмæн дзырдтой, цæмæй æрфæсмон кæной сæ тæригъæдтыл.

**13** Адæмæй-иу расырдтой бирæ дæлимонты, бирæ рынчынты сæрстой зетийæ æмæ сæ дзæбæх кодтой.

*Аргъауæг Иоанны мæлæт*

**14** Паддзах Ирод фехъуыста Йесойы тыххæй, уымæн æмæ Йæ кой айхъуыст дардыл. Иутæ дзырдтой: «Аргъауæг Иоанн райгас мæрдтæй æмæ уый тыххæй аразы диссæгтæ»;

**15** Иннæтæ дзырдтой: «Уый Илиа у»; аннæтæ та дзырдтой: «Уый раздæры пехуымпарты хуызæн пехуымпар у».

**16** Фæлæ Ирод, уыдæттæ фехъусгæйæ, загъта: «Æз кæй сæр акъуырдтон, уыцы Иоанн райгас».

**17** Уымæн æмæ уымæй размæ Ирод арвыста Иоаннмæ, æрцахста йæ, æмæ йæ бакодта ахæстоны йе ’фсымæр Филиппы ус Иродиадæйы тыххæй. Ирод ракуырдта Иродиадæйы,

**18** Æмæ йын Иоанн дзырдта: «Де ’фсымæры усимæ цæрын дын не ’мбæлы».

**19** Иродиадæ йæм мæстæй марди, фæндыд æй йæ амарын, фæлæ ницы йæ бон уыд.

**20** Уымæн æмæ Ирод тарст Иоаннæй; раст æмæ сыгъдæг адæймаг кæй у, уый зыдта, æмæ йæ хъахъхъæдта. Кæд-иу æй Иоанны ныхæстæ фæкъæмдзæстыг кодтой, уæддæр æм хъуыста зæрдиагæй.

**21** Иродиадæйæн фæзынди фадат. Ирод йæ райгуырæн боны фæдыл йе ’лдæрттæн, æфсæддон хицæуттæн æмæ Галилейы уæздæттæн скодта куывд.

**22** Иродиадæйы чызг сæм бацыд æмæ кафыд. Уымæй балхæдта Ироды æмæ уазджыты зæрдæ, æмæ паддзах загъта чызгæн: «Цы дæ хъæуы, уый ракур, æмæ дын æй ратдзынæн».

**23** Ирод ын расомы кодта: «Цыдæриддæр мæ ракурай, уый дын ратдзынæн, суанг мæ паддзахады æмбисы онг».

**24** Чызг рацыд æмæ бафарста йæ мады: «Цы ракурон?» Уый йын загъта: «Аргъауæг Иоанны сæр».

**25** Чызг уайтагъд бацыди паддзахмæ æмæ йын загъта: «Фæнды мæ, цæмæй мын гъертæккæ тæбæгъы æрбахæссай Аргъауæг Иоанны сæр».

**26** Паддзах æрæнкъард, фæлæ йæ сомымæ гæсгæ æмæ йемæ минасгæнджыты æфсæрмæй чызгæн «нæ» зæгъын не сфæрæзта.

**27** Уайтæккæ йæ хъахъхъæнджытæй иуы арвыста Иоанны сæр æрбахæссыны бардзырдимæ.

**28** Хъахъхъæнæг ацыд, ахæстоны Иоаннæн акъуырдта йæ сæр, æмæ йæ тæбæгъы æрбахаста чызгæн, чызг та йæ радта йæ мадмæ.

**6:11** Мф. 10:14; Лк. 9:5; Ап. хъ. 13:51; 18:6. **6:13** Иак. 5:14. **6:14** Мф. 14:1; Лк. 9:7. **6:20** Мф. 21:26.

**29** Иоанны ахуыргæнинæгтæ уый
куы фехъуыстой, уæд æрцыдысты,
йæ мард ын ахастой æмæ йæ зæп-
падзы бавæрдтой.

*Йесо бафсæста фондз мин лæджы*

**30** Апостолтæ æрæмбырд сты
Йесомæ æмæ Йын радзырдтой, цы
сарæзтой æмæ адæмы цæуыл са-
хуыр кодтой, æппæт уыдæттæ.
**31** Йесо сын загъта: «Хибар ран-
мæ иунæгæй ацæут æмæ иучысыл
уæ фæллад суадзут». Уымæн æмæ
æрцæуæг æмæ фæстæмæ здæхæг
адæм уыйас бирæ уыдысты, æмæ
сæ суанг хæрынмæ дæр не 'вдæлд.
**32** Йесо æмæ апостолтæ иунæгæй
бæлæгъы араст сты хибар ранмæ.
**33** Уæддæр сæ бирæтæ федтой
фæцæйцæугæ æмæ сæ базыдтой.
Уæд æппæт сахартæй азгъордтой
фистæгæй æмæ сæ разæй фесты.
**34** Йесо былмæ куы рахызт, уæд
федта бирæ адæм æмæ сын фæтæри-
гъæд кодта, уымæн æмæ уыдысты
æнæфыййау фыстау. Æмæ сын би-
рæ фæцамыдта.
**35** Бонæй бирæ куы нал базза-
ди, уæд Йесомæ бацыдысты Йæ
ахуыргæнинæгтæ æмæ Йын загъ-
той: «Ам фæсвæд ран у, бон та
фæивгъуыйы.
**36** Ауадз адæмы, ацæуой хæстæг
хъæутæм æмæ сæхицæн хæринаг
балхæной».
**37** Йесо сын дзуапп радта: «Сы-
мах сын раттут хæринаг». Загътой
Йын: «Уæд та фæцæуæм æмæ дзул
дыууæсæдæ динары аргъ балхæнæм,
утæппæт адæмы бафсадынæн?»
**38** Йесо сæ бафарста: «Цал дзулы
уæм ис? Ацæут æмæ фенут». Уы-
дон федтой æмæ загътой: «Фондз
дзулы æмæ дыууæ кæсаджы».
**39** Уæд сын бафæдзæхста æппæт
адæмы дæр цъæх кæрдæгыл къорд-
гай æрбадын кæнын.
**40** Адæм æрбадтысты къорд-
гай – фондзыссæдзгæйттæй æмæ
дæс æмæ дыууиссæдзгæйттæй.
**41** Йесо райста фондз дзулы æмæ
дыууæ кæсаджы, скаст уæларвмæ,
арфæ ракодта, асаста дзултæ æмæ
сæ радта Йæ ахуыргæнинæгтæм
адæмæн байуарынмæ. Дыууæ кæса-
джы дæр байуæрста сеппæтыл дæр.
**42** Сеппæт дæр бахордтой æмæ
бафсæстысты.
**43** Æмæ ма дзул æмæ кæсагæй
цы баззад, уыдонæй байдзаг дыууа-
дæс чыргъæды.
**44** Хæргæ чи кодта, уыдоны æх-
сæн айдагъ лæгтæ уыди фондз
мины.

*Йесо къахæй цæуы денджызыл*

**45** Йесо Йæ ахуыргæнинæгты
уайтагъд сбадын кодта бæлæгъы
æмæ сæ арвыста денджызы иннæ
фарсмæ, Вифсаидæмæ; Йæхæдæг
уал баззади, цалынмæ адæмы ауа-
дза, уæдмæ.
**46** Æмæ адæмы куы ауагъта, уæд
хохмæ ссыди бакувынмæ.
**47** Изæрдалынгты бæлæгъ бахæц-
цæ денджызы хæдастæумæ, Йесо
та иунæгæй уыди денджызы был.
**48** Æмæ федта, ахуыргæнинæг-
тæ бæлæгъ зынтæй кæй тардтой,
уый, уымæн æмæ дымгæ дымдта

6:30 Лк. 9:10. 6:32 Мф. 14:13; Лк. 9:10. 6:34 Мф. 9:36. 6:38 Мф. 14:17; Лк. 9:13; Ин. 6:9. 6:46 Мф. 14:23. 6:47 Ин. 6:16.

сæ ныхмæ. Бонысъæхты размæ сæм Йесо денджызыл бацыди къахæй, æмæ Йæ фæндыди сæ иувæрсты аивгъуыйын.

**49** Уыдон Æй денджызыл цæугæ куы федтой, уæд Ын цæстылуайæн æнхъæл уыдысты, æмæ хъæр систой.

**50** Уымæн æмæ Йæ сеппæт дæр федтой æмæ фæтарстысты. Фæлæ сæм Йесо уайтæккæ сдзырдта: «Фидар фæлæуут, уый Æз дæн! Ма тæрсут».

**51** Бахызт сæм бæлæгъмæ, æмæ дымгæ банцади. Уыдон стыр дисы бафтыдысты,

**52** Уымæн æмæ не 'мбæрстой, дзултимæ цы диссаг сарæзтæуыд, уый; сæ зæрдæтæ æхгæд уыдысты.

*Йесо Геннисареты сдзæбæх кодта рынчынты*

**53** Бахæццæ сты денджызы иннæ фарсмæ, Геннисареты цурмæ, æмæ уым æрлæууыдысты.

**54** Бæлæгъæй куы рахызтысты, уæд адæм уайтагъд базыдтой Йесойы,

**55** Рæвдз æрзылдысты æппæт бæстæйыл, æмæ-иу Йесо Йæ коймæ гæсгæ кæм уыд, уырдæм хуыссæнтыл æрхастой сæ рынчынты.

**56** Кæдæмфæнды ма æрцыдаид Йесо, хъæутæм кæнæ сахартæм, рынчынты-иу æрæвæрдтой фæзты, хатыдысты Йæм, цæмæй сæ бауадза уæд та Йæ пæлæзы коцорайыл бандзæвын; æмæ-иу Ыл чидæриддæр бандзæвыд, уыдон-иу сдзæбæх сты.

# — 7 —

*Фыдæлты æгъдæуттæ*

**1** Йесомæ æрæмбырд сты фарисейтæ, стæй ма цалдæр динамонæджы, Иерусалимæй чи рацыд, ахæмтæ.

**2** Йæ ахуыргæнинæгтæй Йын иуæй-иуты федтой чъизи, ома, æнæхсад къухтæй, хæринаг хæргæ.

**3** Фарисейтæ та, æппæт иудейтау, сæ фыдæлты æгъдауыл хæст сты, æмæ сæ къухтæ цалынмæ бæстон цæхсой, уæдмæ нæ хæрынц.

**4** Базарæй куы æрцæуынц, уæд дæр нæ хæрынц, цалынмæ сæхи цæхсой, уæдмæ. Æмæ ма хæст сты бирæ æндæр æгъдæуттыл дæр: æхсынц къустæ, дурынтæ, æгтæ æмæ бандæттæ.

**5** Æмæ фарисейтæ æмæ динамонджытæ бафарстой Йесойы: «Дæ ахуыргæнинæгтæ фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ цæуылнæ цæрынц, чъизи къухтæй цæмæн хæрынц?»

**6** Йесо сын дзуапп радта: «Цæстмæхъустæ, сымах тыххæй Исай-пехуымпар Сыгъдæг Фысты хорз загъта: „Ацы адæм Мын кад кæнынц дзыхæй, сæ зæрдæ та дард у Мæнæй.

**7** Дзæгъæлы Мæм кувынц; цæуыл ахуыр кæнынц, уыдон адæймаджы æрхъуыдыгонд æгъдæуттæ сты“.

**8** Сымах ныууагътат Хуыцауы фæдзæхст, æмæ хæст стут адæймаджы æрхъуыдыгонд æгъдæуттыл».

**9** Ноджыдæр сын загъта: «Уæхи æгъдау æххæст кæныны сæрап-

[6:52] Мк. 8:18. [6:53] Мф. 14:34. [7:6] Мф. 15:8.

понд Хуыцауы фæдзæхст аивын хорз зонут.

**10** Уымæн æмæ Моисей загъта: „Нымай дæ фыд æмæ дæ мады“, æмæ: „Йæ фыды кæнæ йæ мады æфхæрæг амæлæд“.

**11** Сымах та куыд дзурут? Йæ фыдæн кæнæ йæ мадæн афтæ чи зæгъа, мæнæй цы хъуамæ айстаис, уый корбан (ома, Хуыцауæн лæвар) у, зæгъгæ,

**12** Уымæн нал дæттут йæ фыдæн кæнæ йæ мадæн хорз ракæныны бар.

**13** Афтæмæй Хуыцауы ныхас баивут, иннæты дæр кæуыл ахуыр кæнут, уæ уыцы æгъдауæй. Ноджы ма аразут бирæ æндæр ахæм хъуыддæгтæ дæр».

**14** Йесо ногæй басидт адæммæ æмæ сын загъта: «Байхъусут Мæм уеппæт дæр æмæ бамбарут!

**15** Адæймаджы æддейæ цы бацæуы, уый йæ нæ чъизи кæны, фæлæ дзы æддæмæ цы рацæуы, уый йæ кæны чъизи.

**16** [Хъустæ кæуыл ис, уый хъусæд!]»

**17** Йесо адæмы куы ныууагъта æмæ хæдзармæ куы бацыд, уæд Æй Йæ ахуыргæнинæгтæ бафарстой, цы фæсномыг ныхас загъта, уымæй.

**18** Уый сын дзуапп радта: «Ау, сымах дæр афтæ æнæмбаргæ стут? Æви йæ нæ зонут, адæймаджы æддейæ цы бацæуы, уый йæ кæй нæ чъизи кæны?

**19** Уымæн æмæ йæ зæрдæмæ нæ бацæуы, фæлæ йæ гуыбынмæ ныфты, стæй рацæуы æддæмæ». Афтæмæй Йесо алы хæринагæй дæр загъта, сыгъдæг у, зæгъгæ.

**20** Ноджы ма загъта: «Зæрдæйæ цы рацæуы, уый чъизи кæны адæймаджы.

**21** Уымæн æмæ адæймагæн йæ зæрдæйæ рацæуынц фыдвæндтæ, хæтын, давын, марын,

**22** Кæрæф, фыдæх, фæлывд, æлгъаг хъуыддæгтæ, хæлæгцæст, хахуыр, сæрыстырдзинад, æдылы митæ.

**23** Æппæт уыцы хæрам рацæуы зæрдæйæ æмæ чъизи кæны адæймаджы».

*Муртат усы чызг сдзæбæх*

**24** Йесо араст уырдыгæй, æмæ æрцыди Тиры зæхмæ. Уым бацыд иу хæдзармæ. Фæндыд Æй, уым кæй ис, уый куыд мачи базона, фæлæ Йæ къухы нæ бафтыд.

**25** Йесойы тыххæй уайтæккæ фехъуыста, йæ чызг хæйрæдджын кæмæн уыд, иу ахæм сылгоймаг; æрцыд æмæ йæхи Уый къæхтæм æрæппæрста.

**26** Уыцы сылгоймаг та уыди муртат, Сириаг Финикийæ. Æмæ Йесойæн лæгъстæ кодта йæ чызгæй йын дæлимоны расурыны тыххæй.

**27** Йесо йын загъта: «Уадз æмæ уал сывæллæттæ бафсæдой. Хорз нæу сывæллæтты къæбæр райсын æмæ йæ куыйтæн аппарын».

**28** Сылгоймаг Ын дзуапп радта: «О, Хицау, фæлæ куыйтæ дæр фынджы бын фæхæрынц, сывæллæтты фынгæй цы муртæ æрхауы, уыдон».

---

**7:10** Мф. 15:4. **7:15** Мф. 15:11; Ром. 14:17; Тит. 1:15. **7:24** Мф. 15:21.

**29** Уæд ын Йесо загъта: «Ахæм
дзуаппы фæстæ цу, дæлимон ра-
цыди дæ чызгæй».
**30** Сылгоймаг хæдзармæ куы æр-
цыд, уæд федта: йæ хъæбул хуыссы
хуыссæныл, дæлимон дзы рацыд.

*Гуылæвзаг къуырма сдзæбæх*

**31** Йесо Тиры зæххæй рацыди
Сидоныл, æмæ, Дæссахарыл цæу-
гæйæ, рахызти Галилейаг денджыз-
мæ.
**32** Æркодтой Йæм гуылæвзаг
къуырмайы æмæ Дзы куырдтой,
цæмæй йыл Йæ къух æрæвæра.
**33** Йесо йæ фæхибар кодта, Йе
'нгуылдзтæ къуырмайы хъусты фæ-
тъыста, æрту кодта æмæ йын бав-
нæлдта йе 'взагмæ.
**34** Стæй скаст уæларвмæ, арф
ныуулæфыд æмæ загъта: «Эффа-
та». Ома: «Байгом у».
**35** Æмæ уайтæккæ байгом сты
къуырмайы хъустæ, йе 'взаг суæгъд,
æмæ райдыдта сыгъдæг дзурын.
**36** Йесо сын бафæдзæхста, цæ-
мæй уый тыххæй макæмæн зæгъой.
Фæлæ сын цас фылдæр фæдзæхс-
та, уыйас фылдæр хæлиу кодтой
уыцы хабар.
**37** Адæм стыр дисы æфтыдысты
æмæ дзырдтой: «Æппæт дæр хорз
кæны. Къуырматæн гом кæны сæ
хъустæ, æгомыгтæн дæтты æвзаг».

## – 8 –

*Йесо бафсæста*
*цыппар мин адæймаджы*

**1** Уыцы рæстæг ногæй æрæм-
бырд бирæ адæм, æмæ цы бахорд-
таиккой, уый сæм нæ уыд. Уæд
Йесо басидт Йæ ахуыргæнинæг-
тæм æмæ сын загъта:
**2** «Тæригъæд кæнын ацы адæ-
мæн, ныр æртæ боны дæргъы Ме-
мæ сты, æмæ цы бахæрой, уый
сæм нæй.
**3** Сæ хæдзæрттæм сæ æххорма-
гæй куы ауадзон, уæд фæндагыл
бастайдзысты, уымæн æмæ дзы би-
рæтæ дардæй æрцыдысты».
**4** Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын
загътой: «Чи самал кæндзæн ацы
ædзæрæг ран сæ бафсадыны фаг
дзултæ?»
**5** Йесо сæ бафарста: «Цал дзулы
уæм ис?» Уыдон Ын загътой: «Авд».
**6** Уæд Йесо адæмы æрбадын
кодта зæххыл, райста авд дзулы,
арфæ ракодта, асаста сæ æмæ сæ
радта Йæ ахуыргæнинæгтæм адæ-
мæн байуарынмæ. Уыдон сæ бай-
уæрстой.
**7** Уыди ма сæм цалдæр гыццыл
кæсаджы дæр. Йесо раарфæ код-
та, æмæ бафæдзæхста уыдоны дæр
байуарын.
**8** Адæм бахордтой æмæ бафсæс-
тысты. Æмæ ма цы уæлдæйттæ баз-
зад, уыдонæй байдзаг авд чыр-
гъæды.
**9** Хæргæ чи кодта, уыдон та уы-
дысты цыппар мины бæрц. Йесо
сæ ауагъта,
**10** Уайтæккæ Йæ ахуыргæнинæг-
тимæ бахызт бæлæгъмæ, æмæ æр-
цыди Далмануфаг зæхмæ.

*Йесойæ домынц æвдисæйнаг*

**11** Æрцыдысты фарисейтæ æмæ
Йесоимæ райдыдтой быцæу кæнын.

**8:1** Мф. 15:32. **8:10** Мф. 15:39.

Йæ бафæлварыны тыххæй Дзы
домдтой уæларвæй æвдисæйнаг
равдисын.
12 Йесо арф ныуулæфыд æмæ
загъта: «Ацы фæлтæр æвдисæйнаг
цæмæн домы? Æцæг уын зæгъын:
ацы фæлтæрæн æвдисæйнаг нæ рар-
дæуыдзæн».
13 Уыйадыл сæ ныууагъта, но-
гæй бахызт бæлæгъмæ, æмæ араст
иннæ фарсмæ.

*Фарисейты æнхъизæн æмæ Ироды æнхъизæн*

14 Йæ ахуыргæнинæгтæй ферох
семæ дзултæ райсын; бæлæгъы сæм
иу дзул йеддæмæ нæ уыд.
15 Йесо сын фæдзæхста: «Хъу-
сут, уæхи хизут фарисейты æнхъи-
зæнæй æмæ Ироды æнхъизæнæй».
16 Æмæ ахуыргæнинæгтæ кæрæ-
дзийæн дзырдтой, дзул нæм нæй,
зæгъгæ.
17 Йесо сæ бамбæрста, æмæ сын
загъта: «Цæмæн дзурут, дзул уæм
кæй нæй, уый тыххæй? Ау, нырма
дæр æй нæма зонут æмæ не 'мба-
рут? Нырма дæр уæ зæрдæтæ æх-
гæд сты?
18 Цæстытæ уын куы ис, уæд нæ
уынут? Хъустæ уыл куы ис, уæд нæ
хъусут? Уæ зæрдыл нал лæууы, æви:
19 Æз фондз мин лæгæн фондз
дзулы куы асастон, уæд уæлдæйт-
тæй цал чыргъæды байдзаг код-
тат?» Загътой Йын: «Дыууадæс».
20 «Цыппар минæн авд дзулы
куы асастон, уæд та уæлдæйттæй
цал чыргъæды байдзаг кодтат?»
Загътой: «Авд».
21 Уæд сын загъта: «Ау, ныр дæр
æй нæма æмбарут?»

*Вифсаидæйаг куырм цæстæй ракаст*

22 Æрцыдысты Вифсаидæмæ.
Йесомæ æркодтой куырмы æмæ Дзы
куырдтой, цæмæй йыл бандзæва.
23 Йесо ныххæцыди куырмы
къухыл, ракодта йæ хъæуæй, ба-
тутæ йын кодта йæ цæстытыл,
æрæвæрдта йыл Йæ къухтæ æмæ
йæ бафарста, исты уыны æви нæ.
24 Уый акаст æмæ загъта: «Уы-
нын адæмы, зынынц мæм цæугæ
бæлæстау».
25 Йесо йын дыккаг хатт йæ
цæстытыл æрæвæрдта Йæ къухтæ,
куырм ногæй акаст æмæ сдзæбæх,
уынын райдыдта хорз.
26 Йесо йæ арвыста йæ хæдзармæ
æмæ йын бафæдзæхста: «Хъæумæ
ма бацу [æмæ ацы хабар хъæуы ма-
кæмæн радзур]».

*Петр Йесойы схуыдта Чырысти*

27 Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ
ацыди Филиппы Кесарийы алы-
варс хъæутæм. Фæндагыл бафарс-
та Йæ ахуыргæнинæгты: «Кæуыл
Мæ нымайынц адæм?»
28 Уыдон Ын загътой: «Иутæ —
Аргъауæг Иоанныл, иннæтæ —
Илиайыл, аннæтæ та — пехуым-
партæй иуыл».
29 Йесо сæ бафарста: «Сымах та
Мæ кæуыл нымайут?» Петр Ын
дзуапп радта: «Ды Чырысти дæ».
30 Æмæ сын Йесо бафæдзæхста,
цæмæй Йæ макæмæн схъæр кæной.

8:15 Мф. 16:6; Лк. 12:1. 8:18 Мк. 6:38; Ин. 6:9. 8:27 Мф. 16:13; Лк. 9:18.
8:29 Ин. 6:69.

*Йесо зæгъы Йæ мæлæт æмæ Йæ райгасы тыххæй*

**31** Йесо сын райдыдта амонын: Адæймаджы Фырт хъуамæ бавзара бирæ хъизæмæрттæ; адæмы хистæртæ, алчертæ æмæ Йæ динамонджытæ бафхæрдзысты, амардæйæуыдзæн æмæ æртыккаг бон райгас уыдзæн.

**32** Уый тыххæй сын дзырдта æргомæй. Уæд Æй Петр фæхибар кодта æмæ Йын райдыдта уайдзæф кæнын.

**33** Йесо разылди, бакаст Йæ ахуыргæнинæгтæм æмæ тызмæгæй загъта Петрæн: «Фесæф Мæ цурæй, хæйрæг! Дæ хъуыдытæ, Хуыцауы фæндон цы у, ууыл нæ, фæлæ адæймаджы фæндон цы у, ууыл сты».

*Куыд цæугæ у Йесойы фæдыл*

**34** Йесо басидт адæммæ æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæм, æмæ сын загъта: «Мæ фæдыл цæуын кæй фæнды, уый йæхи ферох кæнæд, райсæд йæ дзуар æмæ рацæуæд Мæ фæдыл.

**35** Уымæн æмæ йæ цард бахъахъхъæнын кæй фæнды, уый йæ фесафдзæн; йæ цард Мæ сæраппонд æмæ фарны уацы сæраппонд чи фесафа, уый та йæ бахъахъхъæндзæн.

**36** Адæймаг æгас дуне йæхи куы бакæна, йæ уд та куы фесафа, уæд ын уый цы пайда у?

**37** Кæнæ йæм цы разындзæн, йæ уд цæмæй балхæна, ахæмæй?

**38** Ацы æнæхуыцау тæригъæдджын фæлтæры æхсæн Мæнæй æмæ Мæ ныхæстæй чи фефсæрмы уа, уымæй фефсæрмы уыдзæн Адæймаджы Фырт дæр, сыгъдæг зæдтимæ Йæ Фыды намысимæ куы æрцæуа, уæд».

## – 9 –

**1** Загъта ма сын: «Æцæг уын зæгъын: ам чи лæууы, уыдонæй иуæйиутæ нæ амæлдзысты, цалынмæ Хуыцауы Паддзахад хъомысджынæй æрцæугæ феной, уæдмæ».

*Йесо Йæ хуыз аивта*

**2** Æхсæз боны фæстæ Йесо Йемæ рахуыдта Петры, Иаковы æмæ Иоанны, скодта сæ бæрзонд хохмæ, æмæ уым уыдысты хибарæй. Сæ разы Йæ хуыз аивта;

**3** Йæ дарæс сæрттывта æмæ Йын фестади сæнтурс — зæххыл иу адæймагæн дæр хъуымац афтæ сурс кæнын йæ бон нæ бауыдзæн.

**4** Фæзындысты сæм Илиа æмæ Моисей, æмæ ныхас кодтой Йесоимæ.

**5** Уæд Петр загъта Йесойæн: «Равви, ам кæй стæм, уый цы хорз у! Саразæм æртæ халагъуды: иу Дæуæн, иу Моисейæн, иу Илиайæн».

**6** Цы загътаид, уый нæ зыдта, уымæн æмæ тынг фætарстысты.

**7** Æмæ фæзынд æврагъ, æрæмбæрзта сæ, æмæ æврагъæй райхъуысти хъæлæс: «Ай Мæ уарзон Фырт у. Хъусут Æм».

**8** Ахуыргæнинæгтæ фæйнæрдæм акастысты æмæ никæйуал

[8:31] Мк. 9:31; 10:33; Лк. 9:22. [8:34] Мф. 10:38; 16:24; Лк. 9:23; 14:27. [8:38] Мф. 10:33; Лк. 9:26; 1 Ин. 2:23; Ром. 1:16. [9:1] Мф. 16:28; Лк. 9:27. [9:2] Мф. 17:1.

ауыдтой – æрмæст ма Йесо баззади семæ.

**9** Хохæй куы æрцæйцыдысты, уæд сын Йесо бафæдзæхста, цæмæй, цы федтой, уый тыххæй макæмæн радзурой, цалынмæ Адæймаджы Фырт мæрдтæй раста, уæдмæ.

**10** Йесойы фæдзæхст сæ зæрдыл бадардтой, кæрæдзи та фарстой, цы амоны «мæрдтæй растын», зæгъгæ.

**11** Æмæ Йæ бафарстой: «Уæдæ динамонджытæ цæмæн дзурынц, Чырыстийы размæ Илиа хъуамæ æрцæуа, зæгъгæ?»

**12** Йесо сын дзуапп радта: «Раст у, раздæр Илиа хъуамæ æрцæуа æмæ æппæт дæр банывыл кæна. Æмæ уæдæ Фыст цæмæн афтæ зæгъы, Адæймаджы Фырт хъуамæ бавзара бирæ удхар æмæ хынджылæггаг фæуа, зæгъгæ?

**13** Фæлæ уын зæгъын: Илиа ныридæгæн æрцыд, æмæ сæ цы фæндыд, уый йын бакодтой, Фыст дзы куыд зæгъы, афтæ».

### *Æнахъом хæйрæджджын сдзæбæх*

**14** Иннæ ахуыргæнинæгтæм куы æрцыдысты, уæд сын сæ алыварс федтой бирæ адæм, стæй динамонджыты ахуыргæнинæгтимæ быцæугæнгæ.

**15** Адæм Йесойы куыддæр федтой, афтæ сеппæт дæр скатай сты, згъордтой Йæм æмæ Йын салам лæвæрдтой.

**16** Йесо сæ бафарста: «Цæуыл у уæ быцæу?»

**17** Адæмæй Йын иу дзуапп радта: «Ахуыргæнæг, æз Дæм æркодтон, æнæзæгъинаг кæй багомыг кодта, мæ уыцы лæппуйы.

**18** Кæм æй æрцахсы, уым æй зæххыл ныццæвы, æмæ лæппуйæн йæ комы фынк скæлы, йæ дæндæгты хъыс-хъыс ссæуы, ныдзыг вæййы. Дæ ахуыргæнинæгтæн загътон, цæмæй расурой дæлимоны, фæлæ сæ бон нæ баци».

**19** Йесо дзуапп радта: «Æнæуырнæг фæлтæр! Кæдмæ уыдзынæн уемæ? Кæдмæ уын быхсдзынæн? Æрбакæнут Мæм æй».

**20** Æмæ Йæм æй æрбакодтой. Дæлимон куыддæр Йесойы ауыдта, афтæ лæппуйы йæ гæндзæхтæ цæгъдыныл бафтыдта; лæппу адæргъ и зæххыл æмæ, йæ комы фынк калгæйæ, ратул-батул кодта.

**21** Йесо йын бафарста йæ фыды: «Рагæй афтæ у?» Уый Йын дзуапп радта: «Сывæллонæй нырмæ.

**22** Дæлимон æй бирæ хæттыты æппæрста арты æмæ доны, цæмæй йæ фесафа. Кæд Дæ бон у, уæд нын батæригъæд кæн æмæ нын баххуыс кæн».

**23** Йесо йын загъта: «Кæд Дæ бон у, зæгъыс? Уырнæгæн æппæт дæр у йæ бон».

**24** Лæппуйы фыд [цæссыгкалгæ] уайтæккæ хъæрæй загъта: «Уырны мæ! Баххуыс кæн мæ лæмæгъ уырнындзинадæн».

**25** Йесо адæмы æрбацæйзгъоргæ куы федта, уæд æнæзæгъинагæн радта бардзырд: «Æгомыг æмæ къуырма уд! Æз дын зæгъын: рацу уымæй æмæ дзы макуыуал бацу».

**26** Уæд дæлимон ныхъхъæр кодта, тынг ныууыгъта лæппуйы, æмæ

9:13 Мф. 17:12. 9:17 Мф. 17:14; Лк. 9:38. 9:23 Мф. 17:20; 21:22.

дзы рацыд. Лæппу мардау фæци, æмæ бирæтæ дзырдтой, амарди, зæгъгæ.

**27** Фæлæ йын Йесо схæцыд йæ къухыл, рабадын æй кодта, æмæ лæппу сыстад.

**28** Йесо хæдзармæ куы бацыд, уæд Æй Йæ ахуыргæнинæгтæ хибарæй бафарстой: «Дæлимоны расурын нæ бон цæуылнæ баци?»

**29** Йесо сын загъта: «Ацы уды мыггагæн æрмæст кувын æмæ ком дарыны фæрцы ис фæсурæн».

### *Йесо ногæй зæгъы Йæ мæлæт æмæ Йæ райгасы тыххæй*

**30** Рацыдысты уырдыгæй æмæ сæ фæндаг акодтой Галилейыл. Æрмæст Йесойы нæ фæндыд, уым кæй ис, уый исчи базона.

**31** Уымæн æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæн амыдта æмæ сын дзырдта: «Адæймаджы Фырт лæвæрд æрцæудзæн адæмы къухтæм, амардзысты Йæ, æмæ æртыккаг бон райгас уыдзæн».

**32** Фæлæ уыдон уыцы ныхæстæ не ’мбæрстой, бафæрсын та Йæ нæ уæндыдысты.

### *Чи у уæлдæр?*

**33** Æрцыдысты Капернауммæ. Хæдзары куы уыдысты, уæд сæ Йесо бафарста: «Фæндагыл цæй тыххæй быцæу кодтат?»

**34** Уыдон ныхъхъус сты, уымæн æмæ фæндагыл фæбыцæу сты, уæлдæр сæ чи у, уый тыххæй.

**35** Йесо æрбадти, басидти дыууадæсмæ æмæ сын загъта: «Уæлдæр уæвын кæй фæнды, уый æппæтæй дæлдæр уæд æмæ лæггад кæнæд алкæмæн дæр».

**36** Стæй сын сæ размæ æрбахуыдта сывæллоны, æрбахъæбыс æй кодта, æмæ сын загъта:

**37** «Ахæм сывæллæттæй иуыл Мæ номы сæраппонд зæрдиаг чи уа, уый Мæныл у зæрдиаг; Мæныл зæрдиаг чи уа, уый та Мæныл зæрдиаг нæу, фæлæ Мæ Рарвитæгыл».

**38** Уæд Ын Иоанн загъта: «Ахуыргæнæг, мах федтам, Дæ номæй дæлимонты чи суры, ахæм адæймаджы, æмæ йын бар нæ лæвæрдтам, уымæн æмæ нæ фæдыл нæ цæуы».

**39** Йесо загъта: «Ма йæ хъыгдарут. Мæ номæй диссаг чи равдиса, уымæн уыйадыл Мæнæй æвзæр зæгъын йæ бон нæ бауыдзæн.

**40** Уымæн æмæ нæ ныхмæ чи нæу, уый нæ фарс у.

**41** Чырыстийы кæй стут, уый тыххæй уын Мæ номы сæраппонд доны къус чи ратта, уый, æцæг уын зæгъын, æнæ хæрзиуæгæй нæ баззайдзæн.

**42** Фæлæ ацы кæстæртæй – Мæныл æууæндджытæй – иуы дæр тæригъæды чи бафтауа, уымæн йæ бæрзæйыл куыройыфыд куы æрцауындзиккой æмæ йæ денджызы куы баппариккой, уæд ын хуыздæр уаид.

**43** Дæ къух дын тæригъæды хос куы уа, уæд æй акъуыр: хуыздæр дын у уæнгхъуагæй цардмæ бацæуын, цæйнæфæлтау дыууæ къухимæ зындоны æнæхуысгæ артмæ бацæуай.

---

9:31 Мф. 17:22; Лк. 9:22; 24:7. 9:36 Мф. 18:5; Лк. 9:48. 9:38 Лк. 9:49. 9:42 Мф. 18:6; Лк. 17:1.

**44** [Уым сæ къуыдыркалм нæ
мæлы æмæ дзы арт нæ хуыссы.]

**45** Æмæ дын дæ къах тæригъæ-
ды хос куы уа, уæд æй акъуыр:
хуыздæр дын у уæнгхъуагæй цард-
мæ бацæуын, цæйнæфæлтау дæ
дыууæ къахимæ зындонмæ баппæр-
стæуа.

**46** [Уым сæ къуыдыркалм нæ
мæлы æмæ дзы арт нæ хуыссы.]

**47** Æмæ дын дæ цæст тæригъæды
хос куы уа, уæд æй фелвас: хуыз-
дæр дын у иу цæстимæ Хуыцауы
Паддзахадмæ бацæуын, цæйнæ-
фæлтау дæ дыууæ цæстимæ зын-
донмæ баппæрстæуа.

**48** Уым сæ къуыдыркалм нæ
мæлы æмæ дзы арт нæ хуыссы.

**49** Уымæн æмæ алчидæр фæл-
вæрд æрцæудзæн артæй, Хуыцауæн
хаст нывонд цæххæй ссыгъдæггæ-
нæгау.

**50** Цæхх хорз у. Фæлæ цæхх цæх-
джын куы нæ уа, уæд æй цæмæй
сцæхджын кæндзынæ? Æдзæхх ма
ут æмæ кæрæдзиимæ цæрут фиды-
дæй».

# – 10 –

*Ус ауадзыны тыххæй*

**1** Йесо араст уырдыгæй, æрцыд
Иудейæйы зæхмæ æмæ ахызт Иор-
даны иннæ фарсмæ. Æрæмбырд та
Йыл сты адæм, æмæ та сын иннæ
хæттытау ныр дæр амыдта.

**2** Бацыдысты Йæм фарисейтæ
æмæ Йæ ракъахыны охыл бафарс-
той: «Лæгæн йæ усы ауадзын æм-
бæлы?»

**3** Йесо сын дзуапп радта: «Мои-
сей уын цы бафæдзæхста?»

**4** Уыдон загътой: «Моисей рад-
та уагъды æвдисæндар ныффыс-
сыны æмæ ус ауадзыны бар».

**5** Йесо сын дзуапп радта: «Хи-
вæнд кæй стут, уый тыххæй уын
ныффыста Моисей ацы фæдзæхст.

**6** Фæлæ тæккæ райдианæй, ду-
не сфæлдисынæй, Хуыцау „уыдо-
ны нæлгоймаг æмæ сылгоймагæй
сфæлдыста“.

**7** „Уымæ гæсгæ адæймаг ныу-
уадздзæн йæ фыд æмæ йæ мады,

**8** Баиу уыдзæн йæ усимæ, æмæ
дыууæ уыдзысты иу буар“. Афтæ-
мæй уыдон дыууæ нал сты, фæлæ
сты иу буар.

**9** Уæдæ Хуыцау цы сиу кодта,
уый адæймаг ма ахицæн кæнæд».

**10** Хæдзары та Йæ ахуыргæни-
нæгтæ ногæй бафарстой уый тых-
хæй.

**11** Йесо сын загъта: «Йæ усы чи
ауадза æмæ æндæр ус чи ракура,
уый хæтгæ кæны æмæ уымæй цæ-
уы йæ усы тæригъæды.

**12** Йæ мойы чи ныууадза æмæ
æндæрмæ чи æрцæуа, уый дæр хæт-
гæ кæны».

*Йесо Йæ арфæ æфтауы
сывæллæттыл*

**13** Йесомæ хуыдтой сывæл-
лæтты, цæмæй сыл бандзæва,
фæлæ сæ ахуыргæнинæгтæ нæ
уагътой.

**14** Йесо уый куы федта, уæд
смæсты æмæ сын загъта: «Æрба-
уадзут Мæм сывæллæтты, ма сæ

**9:50** Мф. 5:13 **10:1** Мф. 19:3. **10:4** Мф. 5:31; Лк. 16:18. **10:7** 1 Кор. 6:16.
**10:13** Мф. 19:13; Лк. 18:15.

хъыгдарут, уымæн æмæ Хуыцауы Паддзахад уыдоны хуызæтты у.

**15** Æцæг уын зæгъын: Хуыцауы Паддзахадыл сывæллонау чи нæ бауæнда, уый йæм нæ бацæудзæн».

**16** Æмæ сывæллæтты Йæ хъæбысы æрбатыхта, æрæвæрдта сыл Йæ къухтæ æмæ сыл Йæ арфæ бафтыдта.

*Бонджын*

**17** Йесо Йæ фæндагыл куы араст, уæд æрбазгъордта иучидæр, Йæ разы æрхауд йæ зонгуытыл æмæ Йæ бафарста: «Хорз Ахуыргæнæг, мыггагмæйы цард райсынæн цы саразон?»

**18** Йесо йын дзуапп радта: «Цæмæн Мæ хоныс хорз? Иунæг Хуыцауы йеддæмæ хорз ничи у.

**19** Фæдзæхстытæ зоныс: „Ма амар“, „Ма хæт“, „Ма дав“, „Мæнгæвдисæн ма ныллæуу“, „Макæй бастигъ“, „Нымай дæ фыд æмæ дæ мады“».

**20** Уый Йесойæн загъта: «Ахуыргæнæг, æппæт уыдæттæ ме 'взонджы бонтæй нырмæ æххæст кæнын».

**21** Йесо йæм бакаст, бауарзта йæ æмæ йын зæгъы: «Иу бакæнинаг дын баззад: ацу, цыдæриддæр дæм ис, уый ауæй кæн, ратт æй мæгуыртæн, æмæ дын уæларвы уыдзæни хæзна. Стæй-иу раздæх, [райс дæ дзуар,] æмæ цу Мæ фæдыл».

**22** Уыцы ныхæстæй уый хорзау нал уыд æмæ ацыд æнкъардæй, уымæн æмæ йæм бирæ мулк уыд.

**23** Йесо акаст фæйнæрдæм æмæ загъта Йæ ахуыргæнинæгтæн: «Æвæдза, бонджынтæн куыд зын у Хуыцауы Паддзахадмæ бацæуын!»

**24** Йæ ныхæстæ дисы бафтыдтой ахуыргæнинæгты. Фæлæ сын Йесо ноджыдæр загъта: «Мæ хъæбултæ, æвæдза, [мулкæй ныфс кæй ис, уымæн] куыд зын у Хуыцауы Паддзахадмæ бацæуын!

**25** Хъæздыгæн Хуыцауы Паддзахадмæ бацæуынæй теуайæн судзины быны иннæрдæм ахизын æнцондæр у».

**26** Ахуыргæнинæгтæм уый тынг диссаг фæкаст, æмæ сæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Уæдæ чи фервæздзæн?»

**27** Йесо сæм бакаст æмæ загъта: «Уый адæмы бон нæу, Хуыцауæн та бантысдзæн, уымæн æмæ Хуыцауæн Йæ бон æппæт дæр у».

**28** Петр Ын райдыдта дзурын: «Мæнæ мах ныууагътам алцыдæр æмæ рацыдыстæм Дæ фæдыл».

**29** Йесо сын загъта: «Æцæг уын зæгъын: Мæ сæраппонд æмæ фарны уацы сæраппонд йæ хæдзар, кæнæ йе 'фсымæрты, кæнæ йæ хоты, кæнæ йæ мады, кæнæ йæ фыды, [кæнæ йæ усы,] кæнæ йæ сывæллæтты, кæнæ йæ зæххытæ чи ныууадза, уыдонæй иунæг ахæм дæр нæй,

**30** Æмæ, кæд æфхæрд æййафдзæн, уæддæр ныридæгæн, ацы заманы, фондзыссæдз хатты фылдæрæй чи нæ райса хæдзæрттæ, æфсымæртæ, хотæ, мадæлтæ, сывæллæттæ æмæ зæххытæ, æр-

**10:14** Мф. 18:4; 1 Пет. 2:2; 1 Кор. 14:20. **10:17** Мф. 19:16; Лк. 18:18. **10:19** Мф. 5:21; Лк. 18:20. **10:23** Иак. 2:5; 1 Тим. 6:17. **10:28** Мф. 19:27; Лк. 18:28.

цæуинаг дунейы та – мыггагмæйы цард.

**31** Фæлæ фыццæгтæй бирæтæ уыдзысты фæстæгтæ, фæстæгтæй та бирæтæ уыдзысты фыццæгтæ».

### *Йесо æртыккаг хатт зæгъы Йæ мæлæт æмæ Йæ райгасы тыххæй*

**32** Йесо æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ сæ фæндаг дардтой Иерусалиммæ; Йесо цыди сæ разæй. Ахуыргæнинæгтæ дисы æфтыдысты, Йæ фæдыл цæуæг адæмы та тас бацыд. Йесо ногæй фæхибар кодта дыууадæсы æмæ сын дзурын райдыдта, цы Йыл æрцæудзæн, уыдæтты тыххæй:

**33** «Ныр мах цæуæм Иерусалиммæ, æмæ Адæймаджы Фырт лæвæрд æрцæудзæн алчертæм æмæ динамонджытæм. Рахæсдзысты Йын марыны тæрхон æмæ Йæ ратдзысты муртаттæм.

**34** Уыдон Æй æфхæрдзысты, тутæ Йыл кæндзысты, нæмдзысты Йæ ехсæй æмæ Йæ амардзысты, æмæ æртæ боны фæстæ райгас уыдзæн».

### *Зеведейы фыртты курдиат*

**35** Йесомæ бацыдысты Зеведейы фырттæ Иаков æмæ Иоанн, æмæ Йын загътой: «Ахуыргæнæг, фæнды нæ, цæмæй нын сæххæст кæнай нæ курдиат».

**36** Йесо сæ бафарста: «Цы уæ фæнды, æмæ уын æй саразон?»

**37** Уыдон Ын дзуапп радтой: «Дæ намысджын Паддзахады нæ иуы Дæ рахиз фарс, иннæйы та Дæ галиу фарс сбадын бауадз».

**38** Йесо сын загъта: «Цы курут, уый уæхæдæг дæр не ’мбарут. Æз цы хъизæмæртты кæхц нуазын, уый баназын, кæнæ Мæныл цы аргъуыдæй аргъуыдæуы, ахæм аргъуыд райсын суыдзæн уæ бон?»

**39** Уыдон Ын дзуапп радтой: «Суыдзæн». Йесо та сын загъта: «Æз цы хъизæмæртты кæхц нуазын, уый нуаздзыстут, æмæ Мæныл цы аргъуыдæй аргъуыдæуы, уымæй уыл саргъуыдæуыдзæн.

**40** Мæ рахиз фарс æмæ Мæ галиу фарс сбадын та Мæнæй аразгæ нæу, фæлæ уыцы бынæттæ кæмæн æрцæттæчындæуыд, уыдон дзы сбаддзысты».

**41** Уый дæс ахуыргæнинаджы куы фехъуыстой, уæд смæсты сты Иаков æмæ Иоаннмæ.

**42** Йесо басидти сеппæтмæ дæр æмæ сын загъта: «Сымах зонут, æлдæрттæ кæй хонынц, уыдон адæмтæн кæй хицауиуæг кæнынц, æмæ хицæуттæ адæмтыл барджын кæй сты, уый.

**43** Сымахмæ та афтæ ма уæд. Фæлæ уæ уæлдæр уæвын кæй фæнды, уый уын уæд лæггадгæнæг;

**44** Æмæ уæ фыццаг уæвын кæй фæнды, уый уеппæтæн дæр уæд цагъар.

**45** Адæймаджы Фырт дæр уый тыххæй не ’рцыд, æмæ Йын лæггад кæной, фæлæ цæмæй Йæхæдæг балæггад кæна æмæ бирæты ссæрибары сæраппонд ратта Йæ цард».

---

**10:33** Мф. 20:18; Лк. 18:31. **10:41** Мф. 20:24; Лк. 22:24. **10:45** Ин. 13:15; 1 Пет. 5:3; Флп. 2:7.

*Куырм Вартимей*
*цæстæй ракаст*

**46** Æрцыдысты Иерихонмæ. Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæ æмæ бирæ адæмимæ Иерихонæй куы рацæйцыди, уæд куырм мæгуыргур Вартимей, Тимейы фырт, бадти фæндаггæрон.

**47** Æмæ куы фехъуыста, уый Назаретаг Йесо у, зæгъгæ, уæд райдыдта хъæр кæнын: «Йесо, Давиды Фырт, батæригъæд мын кæн!»

**48** Бирæтæ дзы домдтой, цæмæй ныссабыр уа, фæлæ уый ноджы тынгдæр хъæр кодта: «Давиды Фырт, батæригъæд мын кæн!»

**49** Йесо æрлæууыд æмæ загъта: «Фæдзурут æм». Фæдзырдтой куырммæ æмæ йын загътой: «Ма тæрс, сыст, дзуры дæм».

**50** Уый феппæрста йæ пæлæз, фæгæпп ласта æмæ бацыд Йесомæ.

**51** Йесо йæ бафарста: «Цы дæ фæнды? Цы дын саразон?» Куырм Ын дзуапп радта: «Раввуни, мæн фæнды мæ цæстытæй ракæсын».

**52** Йесо йын загъта: «Ацу, дæ уырнындзинад дæ фервæзын кодта». Куырм уайтæккæ ракаст йæ цæстытæй æмæ ацыд Йесойы фæдыл.

# – 11 –

*Йесо æрцыд Иерусалиммæ*

**1** Иерусалиммæ сæ бирæ нал хъуыд. Елеоны хохы фахсыл чи ис, уыцы Виффаги æмæ Вифанимæ куы баввахс сты, уæд Йесо арвыста Йæ ахуыргæнинæгтæй дыууæйы,

**2** Æмæ сын загъта: «Ацæут, уæ ныхмæ цы хъæу ис, уырдæм. Куы бацæуат, уæд уайтæккæ ссардзыстут, адæймаг кæуыл нæма сбадт, ахæм къæлæу бастæй. Суадзут æй æмæ йæ ракæнут.

**3** Исчи уæ куы бафæрса: „Уый цы ми кæнут?“, уæд дзуапп раттут, Хицауы хъæуы, зæгъгæ, стæй йæ, зæгъ, Хицау уыйадыл рарвитдзæн фæстæмæ».

**4** Ахуыргæнинæгтæ ацыдысты, æмæ уынджы, кулдуармæ бастæй, ссардтой къæлæу, æмæ йæ суагътой.

**5** Уым чи лæууыди, уыдонæй сын чидæртæ загътой: «Цы ми кæнут? Къæлæуы цæмæн уæгъд кæнут?»

**6** Уыдон сын дзуапп радтой, Йесо сын куыд бафæдзæхста, афтæ. Æмæ сæ ауагътой.

**7** Æркодтой къæлæуы Йесомæ, сæвæрдтой йыл сæ дарæстæ, æмæ йыл Йесо сбадт.

**8** Бирæтæ сæ дарæстæ байтыдтой фæндагыл, иннæтæ та – быдырты кæй ралыг кодтой, уыцы къалиутæ.

**9** Йесойæн Йæ разæй æмæ Йæ фæстæ чи цыд, уыдон хъæр кодтой: «Осаннæ! Арфæгонд уæд Хуыцауы номæй Æрцæуæг!

**10** Арфæгонд уæд нæ фыдæл Давиды æрцæуинаг паддзахад! Осаннæ уæлæрвты!»

**11** Йесо Иерусалиммæ куы бахæццæ, уæд бацыди Кувæндонмæ, æрзылд ыл, æмæ æнафон кæй уыд, уымæ гæсгæ дыууадæс ахуыргæнинагимæ ацыди Вифанимæ.

---

10:46 Мф. 20:29. 11:1 Мф. 21:1; Лк. 19:29. 11:7 Мф. 21:7; Лк. 19:35.

*Ӕлгъыст легъуибæлас*

**12** Дыккаг бон Вифанийæ куы
рацыдысты, уæд Йесо сыстонг.
**13** Дардæй ауыдта, сыфтæр чи
рафтыдта, ахæм легъуибæлас, æмæ
йæм ацыд, кæд ыл исты ссарид,
зæгъгæ. Фæлæ йæм куы бацыд, уæд
ыл сыфтæрты йеддæмæ ницы ссард-
та, уымæн æмæ йын дыргъафон нæ-
ма уыд.
**14** Уæд ын Йесо загъта: «Нырæй
фæстæмæ дын мыггагмæ дæр дæ га-
гатæй мачиуал бахæрæд». Ӕмæ уый
фехъуыстой Йæ ахуыргæнинæгтæ.

*Йесо сыгъдæг кæны Кувæндон*

**15** Ӕрцыдысты Иерусалиммæ.
Йесо Кувæндонмæ бацыд æмæ
уырдыгæй тæрын райдыдта уæй-
гæнджытæ æмæ æлхæнджыты,
æхцаивджытæн афæлдæхта сæ
фынгтæ, бæлæттæ уæйгæнджытæн
та — сæ бандæттæ.
**16** Ницы дзаума уагъта Кувæн-
доныл хæссын.
**17** Ӕмæ сæ ахуыр кодта: «Афтæ
фыст нæу, æви: „Мæ хæдзар æп-
пæт адæмтæн кувæн хæдзар схуын-
дæуыдзæн“? Сымах та дзы абыр-
джыты лæгæт сарæзтат».
**18** Алчертæ æмæ динамонджытæ
уый куы фехъуыстой, уæд агуырд-
той Йæ амарыны фадат. Уымæн
æмæ Дзы тарстысты, Йæ ахуырад
æппæт адæмы дисы кæй æфтыдта,
уый тыххæй.
**19** Куы баизæр, уæд Йесо Йæ
ахуыргæнинæгтимæ рацыди са-
харæй.

*Легъуибæлас бахус*

**20** Райсомæй легъуийы цурты куы
фæцæйцыдысты, уæд федтой, бæ-
лас йæ уидæгтæм кæй бахус, уый.
**21** Петр æрымысыди зоны ха-
бар æмæ загъта Йесойæн: «Равви,
акæс-ма, Ды кæй ралгъыстай, уы-
цы легъуибæлас бахус».
**22** Йесо сын загъта:
**23** «Ӕууæндут Хуыцауыл. Ӕцæг
уын зæгъын, исчи ацы хохæн куы
зæгъа: „Фæхицæн у зæххæй æмæ
денджызы дæхи баппар“, æмæ æп-
пындæр куы нæ фæгуырысхо уа,
фæлæ фидарæй куы æууæнда, уæд
цы зæгъа, уый æрцæудзæн.
**24** Уый тыххæй уын зæгъын: уæ
куывды цыдæриддæр ракурат, уый
ныридæгæн кæй райстат, уыл æу-
уæндут, æмæ йæ райсдзыстут.
**25** Ӕмæ-иу Хуыцауы раз кувгæ-
йæ куы лæууат, уæ зæрдæ та ис-
кæуыл куы худа, уæд-иу ын ныбба-
рут, æмæ уын уæ Уæларвон Фыд
дæр ныббардзæн уæ тæригъæдтæ.
**26** [Кæд нæ барут, уæд уын уæ
Уæларвон Фыд дæр нæ ныббар-
дзæн уæ тæригъæдтæ.]»

*Йесойæн ахæм бар чи радта*

**27** Йесо Йæ ахуыргæнинæгти-
мæ ногæй æрцыд Иерусалиммæ.
Кувæндоныл куы зылди, уæд Ӕм
бацыдысты алчертæ, динамонджы-
тæ æмæ адæмы хистæртæ,
**28** Ӕмæ Йæ бафарстой: «Ды ца-
вæр хъаруйæ кæныс æппæт уы-
дæттæ? Афтæ кæныны бар Дын чи
радта?»

---

**11:15** Мф. 21:12; Лк. 19:45; Ин. 2:14. **11:24** Мф. 7:7; Лк. 11:9; Ин. 14:13.
**11:25** Мф. 6:14; Эф. 4:32; Кол. 3:13. **11:27** Мф. 21:23; Лк. 20:1.

**29** Йесо сын загъта: «Æз дæр уæ бафæрсдзынæн цæмæйдæр. Дзуапп Мын раттут, æмæ уын зæгъдзынæн, цавæр хъаруйæ сæ кæнын, уый.

**30** Иоанн цы аргъуыдæй аргъуыдта, уый уæларвæй уыд æви адæмæй? Зæгъут-ма Мын æй».

**31** Уыдон кæрæдзийæн дзырдтой: «„Уæларвæй" куы зæгъæм, уæд бафæрсдзæн: „Уæдæ цæуылнæ бауæндыдыстут Иоанныл?"»

**32** «Адæмæй» зæгъынæй та адæмæй тарстысты, уымæн æмæ сеппæты дæр уырныдта, Иоанн æцæгæй пехуымпар кæй уыд, уый.

**33** Æмæ дзуапп радтой Йесойæн: «Нæ зонæм». Уæд сын Йесо загъта: «Уæдæ уын Æз дæр нæ зæгъдзынæн, цавæр хъаруйæ сæ кæнын, уый».

## — 12 —

*Фæсномыг ныхас фыдзæрдæ æххуырстыты тыххæй*

**1** Йесо адæмæн райдыдта фæсномыг ныхæстæй дзурын: «Иу адæймаг ныссагъта сæнæфсирдон, йæ алыварс ын саразта æмбонд, скъахта дзы сæндуцæн, самадта дзы мæсыг, радта йæ æххуырст кусджытæм æмæ ацыд балцы.

**2** Афон куы ралæууыди, уæд æххуырст кусджытæм йæ сæнæфсиры хай райсынмæ арвыста йæ цагъары.

**3** Уыдон æй æрцахстой, фæнадтой йæ æмæ йæ афтидармæй раздæхтой.

**4** Арвыста сæм æндæр цагъары, æмæ уымæн дæр асастой йæ сæр æмæ дзы фæхынджылæг кодтой.

**5** Арвыста ма сæм æндæры дæр, æмæ йæ амардтой. Ноджы ма сæм бирæты арвыста, æмæ уыдонæй дæр кæй нæмгæ фæкодтой, кæй та дзы маргæ акодтой.

**6** Иу ма йын баззад — йæ уарзон фырт; æмæ сæм æппынфæстаг уый дæр арвыста, мæ фыртæй мын фефсæрмы уыдзысты, зæгъгæ.

**7** Фæлæ æххуырст кусджытæ загътой кæрæдзийæн: „Уый йæ бындар у. Цом, амарæм æй, æмæ мах бауыдзысты йæ бынтæ".

**8** Æрцахстой йæ æмæ йæ амардтой, æмæ йын йæ мард сæнæфсирдонæй раппæрстой.

**9** Цы бакæндзæни сæнæфсирдоны хицау? Æрцæудзæн, амардзæн æххуырст кусджыты æмæ сæнæфсирдон ратдзæн æндæртæм.

**10** Ау, Сыгъдæг Фысты нæ бакастыстут: „Аразджытæ цы дурыл нæ барвæссыдысты, уый сси сæрæвæрæн.

**11** Уый Хуыцауы фæндæй у, æмæ уыцы диссаг мах уынæм"?»

**12** Йесо фæсномыг ныхас уыдоны тыххæй кæй загъта, уый бамбæрстой, æмæ Йæ хъавыдысты æрцахсынмæ, фæлæ адæмæй нæ бауæндыдысты. Уæд Æй ныууагътой æмæ ацыдысты.

### *Хъалон кесæрæн*

**13** Æмæ Йæм барвыстой фарисейтæй æмæ Ироды фарсдарджытæй кæйдæрты, цæмæй Йæ ракъахой æмæ Йын Йæ ныхæстæ Йæхи ныхмæ фæцаразой.

**14** Уыдон Æм æрцыдысты æмæ Йын загътой: «Ахуыргæнæг, мах

---

**12:3** Мф. 5:12; 23:34. **12:10** Мф. 21:42. **12:13** Мф. 22:15; Лк. 20:20.

зонæм, Ды раст кæй дæ æмæ ис-
кæй зæрдæ балхæнынил кæй нæ ар-
хайыс, уымæн æмæ никæй хъулон
кæныс, фæлæ æцæгадмæ гæсгæ
амоныс Хуыцауы фæндаг. Кесæ-
рæн хъалон фидын æмбæлы æви
нæ? Фидæм ын æви йын ма фи-
дæм?»
**15** Йесо сын зыдта сæ цæстмæ-
хъусдзинад æмæ сын загъта: «Цы
Мæ къахут? Рахæссут-ма Мæм ди-
нар æмæ йæм æркæсон».
**16** Æрбахастой Йæм. Æмæ сын
загъта: «Кæй ныв æмæ йыл кæй
ном ис?» Уыдон Ын дзуапп рад-
той: «Кесæры».
**17** Йесо сын загъта: «Кесæры цы
у, уый дæттут кесæрæн, Хуыцауы
цы у, уый та – Хуыцауæн». Æмæ
Йыл дис кодтой.

*Мæрдты райгасы тыххæй*

**18** Уæд Йесомæ æрбацыдысты
саддукейтæ (саддукейтæ дзурынц,
мæрдтæ нæ райгас уыдзысты, зæгъ-
гæ), æмæ Йæ бафарстой:
**19** «Ахуыргæнæг, Моисей махæн
ныффыста: „Искæмæн йæ усджын
æфсымæр куы амæла, зæнæг та
йын куы нæ баззайа, уæд ын йе
’фсымæр ракурæд йæ усы æмæ цот
рауадзæд йе ’фсымæрæн“.
**20** Уыд авд æфсымæры. Хистæр
æрхаста ус æмæ æнæзæнæгæй
амард.
**21** Ракуырдта йæ дыккаг æфсы-
мæр æмæ уый дæр амарди, йæ фæс-
тæ зæнæг нæ ныуудзгæйæ. Афтæ
рауад æртыккаджы хабар дæр.
**22** Авдæй йæ алчидæр ракуырд-
та, фæлæ дзы зæнæг ничи ныу-
уагъта. Сеппæты фæстæ ус дæр
амард.
**23** Ныр мæрдтæ куы райгас уой,
уæд сæ кæй ус уыдзæни? Сæ авды
ус дæр куы уыд».
**24** Йесо сын дзуапп радта: «Нæ-
дæр Сыгъдæг Фыст, нæдæр Хуыца-
уы тых кæй нæ зонут, уый уæ нæ
рæдийын кæны, æви?
**25** Уымæн æмæ мæрдтæ куы
райгас уой, уæд нæдæр ус курдзы-
сты, нæдæр мой кæндзысты, фæ-
лæ уыдзысты уæларвон зæдтау.
**26** Мæрдтæ райгас уыдзысты,
зæгъгæ, уый тыххæй та Моисейы
чиныджы нæ бакастыстут, Хуыцау
æм сындзкъутæрæй цы радзырдта,
уый: „Æз дæн Авраамы Хуыцау,
Исаакы Хуыцау æмæ Иаковы
Хуыцау“?
**27** Хуыцау мæрдты Хуыцау нæу,
удæгæсты Хуыцау у. Уæдæ сымах
тынг рæдийут».

*Тæккæ ахсджиагдæр фæдзæхст*

**28** Динамонджытæй сын иу фе-
хъуыста сæ ныхас æмæ бафиппайд-
та, Йесо уыдонæн хорз дзуапп кæй
радта, уый. Æмæ бацыд Йесомæ
æмæ Йæ бафарста: «Æппæт фæ-
дзæхстытæй сæйрагдæр кæцы у?»
**29** Йесо йын дзуапп радта: «Тæк-
кæ сæйрагдæр мæнæ ацы фæдзæхст
у: „Байхъус, Израил! Нæ Хицау
Хуыцауы йеддæмæ æндæр Хуыцау
нæй.
**30** Æмæ уарз дæ Хицау Хуыца-
уы æппæт зæрдæйæ, æппæт удæй,
æппæт зондæй æмæ æппæт хъа-
руйæ“.

**12:17** Мф. 22:21. **12:18** Лк. 20:27. **12:28** Мф. 22:35; Лк. 10:25.

**31** Дыккаг фæдзæхст та ахæм у: „Уарз хионы, дæхи куыд уарзыс, афтæ“. Уыдонæй ахсджиагдæр фæдзæхст нæй».

**32** Динамонæг Ын загъта: «Раст зæгъыс, Ахуыргæнæг. Хуыцау иу кæй у æмæ æндæр Хуыцау кæй нæй, уымæй иттæг раст зæгъыс.

**33** Æмæ Уый æппæт зæрдæйæ, æппæт зондæй, æппæт хъаруйæ уарзын, хионы дæр, дæхи куыд уарзыс, афтæ уарзын у æппæт иуулсудзинаг нывондтæй æмæ æппæт иннæ нывондтæй дæр ахсджиагдæр».

**34** Йесо йын йæ раст дзуапп куы фехъуыста, уæд ын загъта: «Хуыцауы Паддзахадæй дард нæ дæ». Уый фæстæ Йесойы бафæрсынмæ йæ ныфс ничиуал хаста.

*Кæй байзæддаг у Чырысти?*

**35** Йесо Кувæндоны дарддæр ахуыр кодта адæмы æмæ дзырдта: «Динамонджытæ куыд зæгъынц Чырыстийæ, Давиды байзæддаг у, зæгъгæ?

**36** Сыгъдæг Удæй разæнгардæй Давид йæхæдæг куы дзырдта: „Хуыцау загъта мæ Хицауæн: сбад Мæ рахиз фарс, цалынмæ Дын Де знæгты Дæ къæхты бын æрæвæрон, уæдмæ“.

**37** Давид Æй кæд Хицау хоны, уæд Уый йæ байзæддаг куыд у?» Адæм хъуыстой Йесомæ зæрдиагæй.

**38** Æмæ сæ Йесо ахуыр кодта: «Уæхи хизут динамонджытæй. Уыдон уарзынц даргъ дарæс дарын æмæ сахарты фæзты адæмы арфæтæм хъусын;

**39** Уарзынц синагогæты раззаг бынæтты æмæ минасы фынгтыл уæле бадын;

**40** Хæрынц идæдзты хæдзæрттæ, цæстмæ кувынц бирæ. Уыдон баййафдзысты карз æфхæрд».

*Идæдз усы мысайнаг*

**41** Йесо æрбадти Кувæндоны хæзнадоны бакомкоммæ æмæ каст, адæм дзы æхца куыд æвæрдтой, уымæ. Бирæ хъæздгуытæ дзы æвæрдтой бирæ æхца.

**42** Æрцыд иу мæгуыр идæдз ус æмæ нывæрдта дыуæ лептæйы — иу кодрант.

**43** Йесо басидт Йæ ахуыргæнинæгтæм æмæ сын загъта: «Æцæг уын зæгъын, ацы мæгуыр идæдз ус, æппæт адæм цас нывæрдтой, уымæй фылдæр нывæрдта хæзнадоны.

**44** Иннæтæ иууылдæр сæ исбоны уæлдайæ нывæрдтой; ацы мæгуыр сылгоймаг та нывæрдта, цыдæриддæр æм уыдис, уый, йæ хойраджы аргъ».

## – 13 –

*Пехуымпар ныхас*
*Кувæндоны тыххæй*

**1** Йесо Кувæндонæй куы рацæйцыд, уæд Ын Йæ ахуыргæнинæгтæй иу загъта: «Ахуыргæнæг, акæс-ма, мæнæ цы уртæ æмæ бæстыхæйттæ ис!»

**2** Йесо йын дзуапп радта: «Уыныс ацы стыр бæстыхæйттæ? Уыдон афтæ ныппырх уыдзысты, æмæ дзы ам дур дурыл нал баззайдзæн».

[12:31] Мф. 5:43. [12:39] Мф. 23:6; Лк. 11:43. [12:41] Лк. 21:1. [13:1] Мф. 24:1; Лк. 21:5.

*Бæллæхты райдайæн*

**3** Йесо Елеоны хохыл Кувæн-
доны бакомкоммæ куы бадт, уæд
Æй хибарæй фарстой Петр, Иаков,
Иоанн æмæ Андрей:
**4** «Зæгъ-ма нын, уый кæд уы-
дзæн, æмæ æппæт уыдæттæн се
'рцыды афон цæмæй бæрæг уы-
дзæн?»
**5** Йесо сын райдыдта дзурын:
«Уæхи хизут, цæмæй уæ мачи фæ-
сайа.
**6** Бирæтæ æрцæудзысты æмæ
дзурдзысты: „Æз Чырысти дæн“,
æмæ бирæты фæсайдзысты.
**7** Æввахс æмæ дард хæстыты тых-
хæй куы фехъусат, уæд ма фæтæр-
сут – æппæтт уыдæттæн æнæрцæу-
гæ нæй, фæлæ уый кæрон нæма
уыдзæни.
**8** Сыстдзысты адæм адæмы
ныхмæ æмæ паддзахад паддзаха-
ды ныхмæ, ранæй-рæтты уыдзæ-
ни зæххæнкъуыстытæ, скæндзæни
стонг рæстæг. Æппæт уыдæттæ
арæг сылгоймаджы хъизæмæртты
райдайæнау уыдзысты.
**9** Фæлæ сымах цæттæ дарут уæ-
хи: дæтдзысты уæ тæрхондæттæм
æмæ уæ нæмдзысты синагогæты;
Мæн тыххæй уæ кæндзысты хи-
цæуттæм æмæ паддзæхтæм, цæ-
мæй Мын уыдоны раз уат æвди-
сæнтæ.
**10** Фæлæ уал уыдæтты размæ æп-
пæт адæмтæм хъуамæ фæхæццæ уа
фарны уац.
**11** Тæрхонмæ уæ куы кæной, уæд
цы зæгъдзыстут, ууыл-иу рагацау
ма мæт кæнут, фæлæ-иу дзурут,
уайтæккæ уын цы рардæуа, уый.
Уымæн æмæ сымах нæ дзурдзы-
стут, фæлæ уæ дзыхæй дзурдзæни
Сыгъдæг Уд.
**12** Ратдзæн æфсымæр æфсымæ-
ры æмæ фыд хъæбулы мæлæтмæ;
сыстдзысты зæнæг сæ ныййарджы-
ты ныхмæ æмæ сæ амарын кæн-
дзысты.
**13** Мæ номы тыххæй алкæмæн
дæр уыдзыстут æнæуынон; фæлæ
кæронмæ чи бафæраза, уый фер-
вæздзæн.

*Æрцæуинаг бæллæхтæ*

**14** Кæм не 'мбæлы, уым „æл-
гъаг гæныстон“ куы фенат, –
чиныгкæсæг æй бамбарæд, – уæд
Иудейæйы чи уа, уыдон лидзæнт
хæхтæм.
**15** Уæлхæдзар чи уа, уый йæ хæ-
дзармæ ма æрхизæд уырдыгæй ис-
ты рахæссынмæ.
**16** Быдыры чи уа, уый дæр ма
раздæхæд йæ дарæс рахæссынмæ.
**17** Уæд додоййаг уыдзысты
сывæрджынтæ æмæ дзидзидар-
джытæ.
**18** Кувут, цæмæй уæ ма бахъæуа
зымæджы лидзын.
**19** Уымæн æмæ уыцы бонты
уыдзæни, Хуыцау дуне куы сфæл-
дыста, уæдæй нырмæ чи нæма уыд
æмæ нал уыдзæн, ахæм стыр бæл-
лæх.
**20** Æмæ Хицау уыцы бонтæ куы
нæ фæцыбыр кодтаид, уæд иу
адæймаг дæр нæ фервæзтаид.
Фæлæ Йæхæдæг кæй сæвзæрста,
уыдоны сæраппонд сæ фæцыбыр
кодта.

13:5 Мф. 24:4; Лк. 21:8; Эф. 5:6; 2 Фес. 2:3. 13:11 Мф. 10:19; Лк. 12:11.

**21** Уæд уын исчи куы зæгъа: „Мæнæ ам ис Чырысти“, кæнæ: „Уым ис“, – ма уæ бауырнæд.

**22** Уымæн æмæ фæзындзысты мæнгчырыститæ æмæ мæнгпехуымпартæ, равдисдзысты æвдисæйнæгтæ æмæ диссæгтæ, цæмæй, гæнæн æмæ амалæй, асайой æвзæрстыты.

**23** Уæхи хизут – æппæт уыдæтты тыххæй уын Æз загътон рагацау.

*Адæймаджы Фырты æрцыд*

**24** Уæд, уыцы бæллæхты фæстæ, баталынг уыдзæни хур, мæй нал ратдзæн йæ рухс,

**25** Стъалытæ хаудзысты арвæй, æмæ уæларвон тыхтæ нынкъуысдзысты.

**26** Уæд Адæймаджы Фырты фендзысты стыр тых æмæ намысимæ æврæгътыл æрцæйцæугæ.

**27** Рарвитдзæн зæдты æмæ Йе 'взæрстыты æрæмбырд кæндзæн алы рæттæй – зæххы кæронæй арвы кæронмæ.

*Фæсномыг ныхас легъуибæласы тыххæй*

**28** Райсут цæвиттонæн легъуибæлас: йæ къалиутæ куы сфæлмæн вæййынц æмæ сыфтæр куы рафтауынц, уæд фæзонут, сæрд кæй æрæввахс.

**29** Уæдæ сымах æппæт уыдæттæ æххæстгæнгæ куы фенат, уæд-иу зонут, афон кæй æрæввахс, нырыдæгæн къæсæрыл кæй ис, уый.

**30** Æцæг уын зæгъын: ацы фæлтæр нæма аивгъуыйдзæни, цалынмæ æппæт уыдæттæ æрцæуой.

**31** Арв æмæ зæхх нал уыдзысты, Мæ ныхæстæ та мыггагмæ дæр уыдзысты сæ тыхы.

*Хæдзары хицаумæ æнхъæлмæ кæсгæйæ*

**32** Уыцы боны кæнæ сахаты тыххæй ничи зоны: нæдæр уæларвон зæдтæ, нæдæр Фырт – æрмæст æй Фыд зоны.

**33** Цырд лæуут æмæ фынæй ма кæнут, уымæн æмæ уыцы афон кæд æрцæудзæн, уый нæ зонут.

**34** Цæвиттон, иу лæг цыди балцы æмæ йæ хæдзар ныууагъта йæ цагъарты æвджид, алкæмæн дæр дзы бахæс кодта бæлвырд хъуыддаг æмæ дуаргæсæн бафæдзæхста къæрцхъусæй лæууын.

**35** Уæдæ сымах дæр ут къæрцхъус, уымæн æмæ нæ зонут, хæдзары хицау кæд æрцæудзæн, уый: изæры, æмбисæхсæв, кæркуасæнты æви райсомæй.

**36** Æваст куы æрцæуа, уæд уæ фынæйæ цæмæй ма æрæййафа.

**37** Сымахæн цы зæгъын, уый хауы алкæмæ дæр: ут къæрцхъус».

## – 14 –

*Сусæгвæнд Йесойы ныхмæ*

**1** Дыууæ боны фæстæ хъуамæ уыдаид Куадзæны æмæ Донгонд дзулты бæрæгбон. Алчертæ æмæ динамонджытæ агуырдтой Йесойы хинæй æрцахсыны æмæ Йæ амарыны фадат.

---

**13:21** Мф. 24:23; Лк. 17:23. **13:24** Мф. 24:29; Лк. 21:25. **13:26** Мф. 24:30; Æрг. 1:7.
**14:1** Мф. 26:2; Лк. 22:1.

**2** Æмæ тæрхæттæ кодтой: «Æр-
мæст бæрæгбоны нæ, науæд адæм
сызмæнтдзысты».

### *Йесойы байсæрстæуыди хæрздæфгæнæнæй*

**3** Йесо уыди Вифанийы, хъотыр-
джын Симоны хæдзары. Æмæ фын-
гыл куы бадт, уæд æрбацыд иу
сылгоймаг, нард цы зайæгой хо-
нынц, уымæй ист сыгъдæг æмæ
зынаргъ хæрздæфгæнæнæй дзаг ду-
рынимæ. Сылгоймаг дурыны хъуыр
асаста æмæ хæрздæфгæнæн рай-
дыдта Йесойы сæрыл уадзын.
**4** Иуæй-иутæ смæсты сты æмæ
дзырдтой: «Цæмæн хъуыди уый-
бæрц хæрздæфгæнæн хардз кæ-
нын?
**5** Уыди йын æртæсæдæ динарæй
фылдæрыл ауæйгæнæн æмæ æхца
мæгуыртæн раттæн». Æмæ бустæ
кодтой сылгоймагыл.
**6** Фæлæ сын Йесо загъта: «Ныу-
уадзут æй, цæмæн æй къæмдзæс-
тыг кæнут? Уый Мын хорз хъуыд-
даг сарæзта.
**7** Мæгуыртæ æдзух уæ фарсмæ
сты, æмæ уæ куы фæнда, уæд сын
уæ бон у баххуыс кæнын; Æз та
æдзух уемæ нæ уыдзынæн.
**8** Сылгоймагæн йæ бон цы уыди,
уый бакодта: Мæ баныгæныны раз-
мæ Мын хæрздæфгæнæнæй бай-
сæрста Мæ буар.
**9** Æцæг уын зæгъын: фарны
уац æппæт дунейы хъуыстгонд
кæмдæриддæр уа, уым ацы сыл-
гоймаджы æрымысынæн загъдæ-
уыдзæн, цы сарæзта, уый тых-
хæй».

### *Гадзрахат*

**10** Уæд Иудæ Искариот, дыууа-
дæс ахуыргæнинагæй иу, ацыди ал-
чертæм, цæмæй сын ауæй кæна
Йесойы.
**11** Куы йæм байхъуыстой, уæд
бацин кодтой æмæ йын зæрдæ
бавæрдтой æхцайæ. Æмæ Иудæ
агуырдта сæ къухтæм сын Æй рат-
тыны фадат.

### *Куадзæны æхсæвæр*

**12** Донгонд дзулты бæрæгбо-
ны фыццаг бон, Куадзæны уæ-
рыкк æргæвдыны бон, Йесойæн Йæ
ахуыргæнинæгтæ загътой: «Куыд
Дæ фæнды, кæдæм Дын ацæуæм
Куадзæны фынг æрæвæрынмæ?»
**13** Уый арвыста Йæ ахуыргæни-
нæгтæй дыууæйы æмæ сын загъта:
«Ацæут сахармæ. Уым уыл сæм-
бæлдзæн иу адæймаг доны дуры-
нимæ, æмæ-иу араст ут йæ фæдыл.
**14** Кæдæм бацæуа, уыцы хæдза-
ры хицауæн-иу зæгъут: „Ахуыргæ-
нæг зæгъы: Мæ ахуыргæнинæгти-
мæ Куадзæн кæм бахæрон, Мæ
уыцы уат кæм ис?“
**15** Æмæ уын уый уæллаг уæла-
дзыджы фенын кæндзæн стыр æфс-
найд уат; уым-иу нын æрæвæрут
фынг».
**16** Ахуыргæнинæгтæ араст сты,
бацыдысты сахармæ æмæ æппæт
дæр ссардтой, Йесо сын куыд загъ-
та, афтæ; æмæ æрæвæрдтой Куа-
дзæны фынг.
**17** Куы баизæр, уæд Йесо æр-
цыд Йæ дыууадæс ахуыргæнина-
гимæ.

---

**14:10** Мф. 26:14; Лк. 22:4. **14:12** Мф. 26:17; Лк. 22:7.

**18** Ӕмæ фынгыл куы бадтысты, уæд Йесо загъта: «Ӕцæг уын зæгъын, уæ иу Мыл рацæудзæни гадзрахатæй – ныртæккæ Мемæ чи хæры, уый».

**19** Уыдон æрæнкъард сты æмæ Йын иу иннæйы фæдыл райдыдтой дзурын: «Уый æз уыдзынæн, мыййаг?»

**20** Йесо сын загъта: «Дыууадæсæй иу, цæхдоны Мемæ йæ къæбæр чи тулы, уый.

**21** Адæймаджы Фырт фæивгъуыйы, Сыгъдæг Фыст Дзы куыд зæгъы, афтæ. Фæлæ сар йæ сæр, Адæймаджы Фыртыл гадзрахатæй цы адæймаг рацæуа, уымæн. Уыцы адæймаг фæлтау куы нæ райгуырдаид, уæд ын хуыздæр уыдаид».

**22** Хæргæ куы кодтой, уæд Йесо райста дзул, арфæ ракодта, асаста йæ, радта сын æй æмæ загъта: «Айсут æмæ хæрут – уый Мæ Буар у».

**23** Стæй райста сæны кæхц, арфæ ракодта, радта сын æй, æмæ дзы сеппæт дæр банызтой.

**24** Ӕмæ сын загъта: «Уый Мæ Туг у – уымæй фидаргонд цæуы ног фидыд, æмæ акæлдзæни бирæты сæраппонд.

**25** Ӕцæг уын зæгъын, нал баназдзынæн сæнæфсиры сæнæй, цалынмæ Хуыцауы Паддзахады ног сæн баназон, уæдмæ».

**26** Стæй азарыдысты арфæйы зарæг æмæ ацыдысты Елеоны хохмæ.

*Йесо Петры тыххæй*

**27** Йесо сын загъта: «Уеппæт дæр Мæ ныууадздзыстут, уымæн æмæ Сыгъдæг Фыст зæгъы: „Амардзынæн фыййауы, æмæ фыстæ ныххæлиу уыдзысты“.

**28** Фæлæ Мæ райгасы фæстæ уæ разæй ацæудзынæн Галилеймæ».

**29** Петр афтæ бакодта: «Сеппæт дæр Дæ куы ныууадзой, уæддæр Дæ æз нæ ныууадздзынæн».

**30** Йесо йын загъта: «Ӕцæг дын зæгъын, ахсæв уасæг дыууæ хатты нæма ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты атигъ кæндзынæ дæхи».

**31** Фæлæ Петр ноджы ныфсджындæрæй дзырдта: «Демæ мæ амæлын куы бахъæуа, уæддæр Дыл мæхи нæ атигъ кæндзынæн». Афтæ дзырдтой иннæтæ дæр.

*Йесо куывы Гефсиманийы*

**32** Уæд æрцыдысты, Гефсимани чи хуынди, уыцы бынатмæ. Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта: «Цалынмæ бакувон, уæдмæ уал ам абадут».

**33** Йемæ ахуыдта Петры, Иаковы æмæ Иоанны, бафтыди мæлæтон тасы æмæ райдыдта æрхæндæг кæнын.

**34** Ӕмæ сын загъта: «Мæ уд мæлæтон хъынцъым кæны; фæлæуут ам, ма-иу бафынæй ут».

**35** Иучысыл æддæдæр рацыд, зæххыл дæлгоммæ æрхауд æмæ куывта, цæмæй, гæнæн æмæ амалæй, ацы тухæн ма бавзара:

**36** «Аввæ, Мæ Фыд, æппæт дæр у Дæ бон. Ацы хъизæмæртты кæхц Мын ма бадар. Ӕниу, Мæн куыд фæнды, афтæ нæ, фæлæ Дæу куыд фæнды, афтæ фæуæд».

---

**14:18** Мф. 26:20; Лк. 22:14; Ин. 13:21. **14:22** Мф. 26:26; Лк. 22:19; 1 Кор. 11:24. **14:27** Мф. 26:31; Ин. 16:32. **14:32** Мф. 26:36; Лк. 22:39. **14:36** Мф. 26:39; Флп. 2:8.

**37** Йесо бацыд Йæ ахуыргæнинæгтæм, æмæ сæ фынæйæ куы баййæфта, уæд Петрæн загъта: «Симон, фынæй дæ? Æнæ фынæйæ иу сахат нæ бафæрæзтай?

**38** Ма ныффынæй ут æмæ кувут, цæмæй фæлварæны ма бахауат. Уд цæрдæг у, буар та – æдых».

**39** Ногæй та фæхибар æмæ бакуывта, уымæй размæ куыд куывта, афтæ.

**40** Бацыди сæм æмæ та сæ баййæфта фынæйæ, уымæн æмæ сæ цæстытæ æруæззау сты, æмæ Йын цы дзуапп раттаиккой, уый нæ зыдтой.

**41** Бацыди сæм æртыккаг хатт дæр, æмæ сын загъта: «Ныр дæр ма фынæй кæнут æмæ уæ фæллад уадзут? Æгъгъæд у, æрцыди рæстæг. Мæнæ Адæймаджы Фырт лæвæрд цæуы тæригъæдджынты къухтæм.

**42** Сыстут æмæ цæуæм. Мæнæ Мæ уæйгæнæг æрбаввахс».

*Йесойы æрцахстой*

**43** Йесо Йæ ныхас нæма фæци, афтæ æрбацыд Иудæ, дыууадæс ахуыргæнинагæй иу. Алчертæ, динамонджытæ æмæ йын адæмы хистæртæ йемæ рарвыстой бирæ адæм кæрдтæ æмæ хъилтимæ.

**44** Йесойы уæйгæнæг сын радта ахæм нысан: «Кæмæн аба кæнон, Уый у. Æрцахсут Æй, акæнут Æй æмæ Йæ уæгъд ма суадзут».

**45** Æмæ куыддæр æрбахæццæ, афтæ бацыд Йесомæ æмæ Йын загъта: «Равви!» Æмæ Йын аба кодта.

**46** Уæд фæлæбурдтой Йесомæ æмæ Йæ æрцахстой.

**47** Йемæ чи лæууыд, уыдонæй иу фелвæста кард, ныццавта дзы алчеры цагъары æмæ йын йæ хъус ахауын кодта.

**48** Уæд Йесо адæмæн загъта: «Цыма абырæджы ахсут, уыйау Ме 'рцахсынмæ кæрдтæ æмæ хъилтимæ куы рацыдыстут.

**49** Æз æрвылбон Кувæндоны уемæ уыдтæн, ахуыр кодтон адæмы, æмæ Мæ нæ ахстат. Фæлæ Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый хъуамæ сæххæст уа».

**50** Уæд Æй ахуыргæнинæгтæ сеппæт дæр ныууагътой æмæ фæлыгъдысты.

**51** Иу æрыгон лæппу, йæ бæгънæг буарыл хъуымац тыхт, афтæмæй цыд Йæ фæдыл, æмæ йæ æфсæддонтæ æрцахстой.

**52** Фæлæ сын лæппу хъуымац сæ къухы фæуагъта æмæ бæгънæгæй алыгъд.

*Йесо – синедрионы*

**53** Йесойы акодтой алчермæ. Уым æрæмбырд сты алчертæ, адæмы хистæртæ æмæ динамонджытæ иууылдæр.

**54** Петр дæрддзæф цыди Йæ фæдыл æмæ бацыд алчеры кæртмæ. Уым æрбадти хъахъхъæнджытимæ æмæ йæхи тавта артмæ.

**55** Алчертæ æмæ æппæт синедрион Йесойы ныхмæ агуырдтой æвдисæйнæгтæ, цæмæй Йын рахæссой амарыны тæрхон, фæлæ нæ ардтой.

**56** Бирæтæ лæууыдысты мæнгæвдисæн Йæ ныхмæ, фæлæ цы

14:43 Мф. 26:47; Лк. 22:47; Ин. 18:3. 14:55 Мф. 26:59.

дзырдтой, уый сын кæрæдзийыл нæ бадт.

**57** Цалдæр мæнгæвдисæны сыстадысты æмæ дзырдтой Йæ ныхмæ:

**58** «Мах фехъуыстам, цы дзырдта, уый: „Æз фехалдзынæн лæджыкъухæйконд ацы Кувæндон æмæ æртæ бонмæ сараздзынæн æндæр, лæджыкъухæйконд чи нæу, ахæм“».

**59** Фæлæ уыдонæн дæр се ’вдисæйнæгтæ кæрæдзийыл нæ бадтысты.

**60** Уæд алчер размæ ралæууыд æмæ бафарста Йесойы: «Дæ ныхмæ Дын цы æвдисæнтæ хæссынц, уыдонæн ницы дзуапп дæттыс?»

**61** Йесо ныхъхъус æмæ ницы дзуапп лæвæрдта. Алчер Æй ногæй бафарста: «Ды дæ Чырысти, Арфæгонды Фырт?»

**62** Йесо загъта: «Æз дæн. Æмæ Адæймаджы Фырты уындзыстут Æппæтхъомысы рахиз фарс бадгæ æмæ уæларвон æврæгътыл æрцæйцæугæ».

**63** Уæд алчер арæмыгъта йæ дарæс æмæ загъта: «Цæй æвдисæнтæ ма нæ хъæуы?

**64** Сымах фехъуыстат, Хуыцауы куыд фауы, уый. Цы хъуыды уæм ис?» Сеппæт дæр Æй банымадтой аххосджыныл æмæ амарыны аккагыл.

**65** Уæд Ыл иуæй-иутæ райдыдтой тутæ кæнын, бамбæрзтой-иу Ын Йæ цæсгом, цавтой Йæ æмæ Йын дзырдтой: «Кæд пехуымпар дæ, уæд Дæ чи ныццавта, уый базон». Дзæхстытæ Йæ кодтой хъахъхъæнджытæ дæр.

*Петр йæхи атигъ кодта Йесойыл*

**66** Ныр Петр та уыди бынæй, кæрты. Уырдæм æрбацыд алчеры лæггадгæнæг сылгоймæгтæй иу,

**67** Петры федта йæхи артмæ тавгæ, æдзынæг æм ныккаст, æмæ йын загъта: «Ды дæр Назаретаг Йесоимæ уыдтæ».

**68** Фæлæ Йыл Петр атигъ кодта йæхи: «Цы дзурыс, уый нæ зонын æмæ не ’мбарын». Петр рацыд æддаг кæртмæ, æмæ уасæг ныууасыд.

**69** Лæггадгæнæг сылгоймаг та йæ федта уым дæр, æмæ йæ фарсмæ лæуджытæн дзурын райдыдта: «Ай уыдонæй у».

**70** Петр та Йесойыл атигъ кодта йæхи. Уым чи лæууыд, уыдон дæр чысыл фæстæдæр загътой Петрæн: «Æнæмæнг уыдонæй дæ, уымæн æмæ ды дæр галилейаг дæ. [Де ’взаджы здæхт дыл комдзог цæуы.]»

**71** Уый райдыдта ард хæрын æмæ Хуыцауæй сомы кæнын: «Сымах Кæмæй зæгъут, æз уыцы Адæймаджы нæ зонын».

**72** Æмæ уыйадыл уасæг ныууасыди дыккаг хатт. Æмæ Петр æрымысыд, Йесо йын цы загъта, уый: «Уасæг дыууæ хатты нæма ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты атигъ кæндзынæ дæхи». Æмæ райдыдта кæуын.

---

14:62 Мф. 26:64; 2 Фес. 1:10. 14:66 Мф. 26:69; Лк. 22:56; Ин. 18:25. 14:72 Мф. 26:75; Мк. 14:30.

# – 15 –

*Йесо æмæ Пилат*

**1** Куыддæр сбон, афтæ алчертæ, адæмы хистæртæ, динамонджытæ æмæ æппæт синедрион рахастой уынаффæ. Йесойы сбастой, акодтой Йæ æмæ Йæ радтой Пилаты къухтæм.

**2** Пилат Æй бафарста: «Ды дæ иудейаг Паддзах?» Йесо йын дзуапп радта: «Дæхæдæг æй куы зæгъыс».

**3** Æмæ Йæ алчертæ зылын кодтой бирæ хъуыддæгты.

**4** Пилат та Йæ бафарста: «Ницы дзуапп дæттыс? Уыныс, куыд бирæ азым Дæм хæссынц».

**5** Фæлæ йын Йесо дзуапп нал радта, æмæ Пилат дисы бафтыд.

*Марыны тæрхон*

**6** Пилат-иу бæрæгбоны рауагъта, адæм кæй куырдтой, иу ахæм ахæсты.

**7** Уæд ахæстоны уыд иучидæр, йæ ном – Вараввæ; бадти, змæсты рæстæг туг чи ныккалдта, уыцы змæнтджытимæ.

**8** Адæм æрæмбырд сты æмæ Пилатæй райдыдтой курын, цæмæй та ацы хатт дæр сараза, куыд-иу сын кодта, афтæ.

**9** Уый сын загъта: «Фæнды уæ, цæмæй уын иудейаг Паддзахы рауадзон?»

**10** Пилат зыдта, алчертæ йын Йесойы йæ къухтæм сæ хæлæгæй кæй радтой, уый.

**11** Фæлæ алчертæ сардыдтой адæмы, Вараввæйы сын рауадзынил куыд дзурой, афтæ.

**12** Пилат сын ногæй загъта: «Уæдæ сымах иудейаг Паддзах Кæй хонут, Уымæн та цы бакæнон?»

**13** Уæд уыдон ныхъхъæр кодтой: «Байтындз Æй!»

**14** Пилат сын загъта: «Уагæр æвзæрæй цы ракодта?» Фæлæ уыдон ноджы тынгдæр ныхъхъæр кодтой: «Байтындз Æй!»

**15** Пилаты фæндыд адæмы зæрдæ балхæнын, æмæ сын рауагъта Вараввæйы, Йесойы та ехсæй фæнæмын кодта æмæ Йæ радта дзуарыл байтындзынмæ.

*Æфсæддонтæ æфхæрынц Йесойы*

**16** Æфсæддонтæ Йесойы акодтой бæстæйы хицауы галуаны мидæггаг кæртмæ, æмæ æрæмбырд кодтой æгас æфсæддон хай.

**17** Скодтой Йыл сæнтсырх дарæс, сбыдтой сындзын кадыхуд æмæ Йыл æй æркодтой.

**18** Æмæ Йын райдыдтой арфæ кæнын: «Æгас цæуæд иудейаг Паддзах!»

**19** Йæ сæр Ын цавтой лæдзæгæй, тутæ Йыл кодтой, Йæ разыиу æрлæууыдысты сæ зонгуытыл æмæ Йын куывтой.

**20** Куы Йæ бафхæрдтой, уæд сæнтсырх дарæс раластой, скодтой Йыл Йæхи дарæс æмæ Йæ акодтой байтындзынмæ.

*Йесойы байтыгътой*

**21** Уыцы рæстæг фæссахарæй æрбацæйцыд иу кириниаг лæг Симон,

---

15:1 Мф. 27:1-2; Лк. 22:66. 15:11 Мф. 27:20; Лк. 23:18; Ин. 18:40. 15:15 Мф. 27:26; Ин. 19:1.

Александр æмæ Руфы фыд; æмæ
йын ахæссын кодтой Йесойы дзуар.
22 Йесойы æркодтой, Голгофæ
(ома, Сæргæхцы бынат) чи хуый-
ны, уырдæм.
23 Æмæ Йын лæвæрдтой сæн
смирнæимæ хæццæйæ, фæлæ йæ
Йесо нæ бакуымдта.
24 Дзуарыл Æй байтыгътой, æмæ
Йын Йæ дарæстыл æппæрстой хæлт-
тæ, кæмæ дзы цы æрхауа, уыыл,
æмæ сæ се 'хсæн байуæрстой.
25 Куы Йæ байтыгътой, уæд цы-
ди æртыккаг сахат*.
26 Йæ азымы тыххæй фыст уы-
ди фæйнæгыл: «Иудейаг Паддзах».
27 Йемæ Йын байтыгътой дыууæ
абырæджы, иуы Йæ рахиз фарс,
иннæйы та Йæ галиу фарс.
28 [Æмæ сæххæст, Сыгъдæг Фыст
цы зæгъы, уый: «Фыдгæнджыты
хыгъдмæ Йæ бахастæуыд».]
29 Йæ цурты чи цыди, уыдон
тылдтой сæ сæртæ æмæ Йæ фауд-
той: «Гъей, Кувæндон халæг æмæ
йæ æртæ бонмæ аразæг!
30 Дæхи фервæзын кæн – дзуа-
рæй æрхиз».
31 Афтæ Дзы хынджылæг код-
той алчертæ дæр динамонджыти-
мæ, æмæ кæрæдзийæн дзырдтой:
«Иннæты ирвæзын кодта, Йæхи
фервæзын кæнын та Йæ бон нæу!
32 Чырысти, Израилы Паддзах,
ныр дзуарæй æрхизæд, цæмæй йæ
фенæм нæхи цæстæй æмæ Йыл
бауæндæм». Йемæ тыгъд чи уыд,
уыдон дæр Æй фаудтой.

*Йесойы мæлæт*

33 Æхсæзæм сахат куы ралæу-
уыд, уæд бæстæ æгасæй дæр бата-
лынг, æмæ афтæ ахаста фарæстæм
сахаты онг.
34 Фарæстæм сахатыл Йесо
хъæрæй ныууынæргъыдта: «Элои,
Элои, лема сабахтани?» Ома: «Мæ
Хуыцау, Мæ Хуыцау, цæмæн Мæ
ныууагътай?»
35 Уым чи лæууыд, уыдонæй чи-
дæртæ уый фехъуыстой æмæ дзырд-
той: «Илиамæ дзуры».
36 Иучидæр та азгъордта, губкæ
стылдта туаг сæны æмæ йæ æрсагъ-
та лæдзæгыл. Баназынмæ Йæм æй
бадардта æмæ загъта: «Фæлæуут-
ма, бакæсæм, кæддæра Илиа æр-
цæуид дзуарæй Йæ æрисынмæ».
37 Йесо та хъæрæй ныууынæр-
гъыдта æмæ Йæ уд systa.
38 Æмæ Кувæндоны мидæг æм-
бæрзæн дыууæ дихы фæци уæлейæ
бынмæ.
39 Йесо хъæрæй куыд ныууы-
нæргъыдта æмæ Йæ уд куыд сис-
та, уый Йæ разы лæууæг сæдæйы-
хицау куы федта, уæд загъта: «Ацы
Адæймаг æцæгæй Хуыцауы Фырт
уыди».
40 Уым уыдысты æмæ дæрддзæ-
фæй кастысты сылгоймæгтæ дæр;
уыдонимæ – магдалæйаг Мариа,
кæстæр Иаковы æмæ Иосийы мад
Мариа, стæй Саломи.
41 Ацы сылгоймæгтæ цыдысты
Йæ фæдыл æмæ Йын лæггад код-

* 15:25 Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй (кæс дзырдуаты).

15:21 Мф. 27:32; Лк. 23:26. 15:24 Ин. 19:24. 15:29 Мф. 26:61; 27:40; Мк. 14:58; Лк. 22:37; Ин. 2:19. 15:34 Мф. 27:46.

той, Йесо ма Галилейы куы уыди,
уæд. Уыди ма дзы, Иерусаламмæ
Йемæ чи æрцыд, бирæ ахæм сыл-
гоймæгтæ дæр.

*Йесойы баныгæдтой*

**42** Ныридæгæн баизæр, æмæ
майрæмбон кæй уыд – сабатмæ
цæттæ кæныны бон, –
**43** Уымæ гæсгæ синедрионы
дзырддзæугæ уæнг, аримафейаг
Иосиф (уый дæр Хуыцауы Паддза-
хадмæ æнхъæлмæ каст), йæ ныфс
бахаста Пилатмæ бацæуынмæ æмæ
Йесойы мард ракурынмæ.
**44** Йесо ныридæгæн кæй амар-
ди, уый Пилатмæ диссаг фæкаст,
басидт сæдæйыхицаумæ æмæ йæ
бафарста: «Раджы амард?»
**45** Æмæ сæдæйыхицауæй хабар
куы базыдта, уæд Йесойы мард рат-
тын кодта Иосифæн.
**46** Иосиф балхæдта уæздан кæт-
таг, æриста Йесойы, батыхта Йæ
кæттаджы æмæ Йæ бавæрдта, къæ-
дзæхы цы зæппадз къахт уыди, уым;
æмæ йын йæ бацæуæныл бафæл-
дæхта дур.
**47** Магдалæйаг Мариа æмæ
Иосийы мад Мариа уыдтой, кæм
Æй бавæрдтой, уый.

# – 16 –

*Чырысти райгас*

**1** Сабат куы аивгъуыдта, уæд маг-
далæйаг Мариа, Иаковы мад Ма-
риа æмæ Саломи балхæдтой хæрз-
дæфгæнæнтæ, цæмæй ацæуой æмæ
байсæрдой Йесойы.
**2** Æмæ къуырийæн йæ фыццаг
бон, сæумæйæ, хур куыддæр скаст,
афтæ æрцыдысты зæппадзмæ.
**3** Кæрæдзийæн дзырдтой: «Зæп-
падзмæ бацæуæнæй нын дур чи
афæлдахдзæн?»
**4** Фæлæ куы бакастысты, уæд æй
федтой фæлдæхтæй; дур тынг стыр
уыди.
**5** Зæппадзмæ куы бацыдысты,
уæд уым федтой урс дарæсджын
лæппуйы рахизырдыгæй бадгæ;
æмæ фæтарстысты.
**6** Фæлæ сын уый загъта: «Ма тæр-
сут. Дзуарыл тыгъд Назаретаг Йесо-
йы агурут сымах – ам нæй, райгас
и. Мæнæ, кæм Æй бавæрдтой,
уыцы бынат.
**7** Фæлæ ацæут, зæгъут Ын Йæ
ахуыргæнинæгтæн æмæ Петрæн,
уæ разæй цæуы Галилеймæ, зæгъ-
гæ. Уым Æй фендзыстут, куыд уын
загъта, афтæ».
**8** Сылгоймæгтæ рацыдысты зæп-
падзæй æмæ згъорынмæ фесты.
Фыртæссæй сæхи дæр нал æмбæр-
стой æмæ никæмæн ницы загътой,
уымæн æмæ сæ тас бацыд.

*Йесойы фæзынд ахуыргæнинæгтæм*

**9** [Къуырийæн йæ фыццаг бон,
сæумæраджы, Йесо куы райгас, уæд
фыццаг фæзынд, авд дæлимоны
кæмæй расырдта, уыцы магдалæйаг
Мариамæ.
**10** Мариа ацыд æмæ хабар ра-
дзырдта, раздæр Йесоимæ чи уыд,
ныр та кæугæ æмæ æрдиаг чи код-
та, уыдонæн.

**15:43** Лк. 23:50; Ин. 19:38. **16:1** Мф. 28:1; Лк. 24:1; Ин. 20:1. **16:7** Мф. 26:32; Мк. 14:28.
**16:9** Мф. 28:9; Лк. 8:2; Ин. 20:14.

**11** Фæлæ Йесо кæй райгас æмæ
Йæ Мариа кæй федта, уый куы фе-
хъуыстой, уæд сæ нæ бауырныдта.

**12** Уый фæстæ уыдонæй дыууæ
хъæумæ куы фæцæйцыдысты, уæд
сæм Йесо Йæхи равдыста æндæр
хуызы.

**13** Уыдон раздæхтысты æмæ уый
тыххæй радзырдтой иннæтæн дæр.
Фæлæ адоныл дæр нæ баууæнды-
дысты.

**14** Æппынфæстаг Йесо фæзынд
иуæндæс ахуыргæнинагмæ, фын-
гыл куы бадтысты, уæд. Æмæ сын
уайдзæф кодта, уырнындзинад сæм
кæй нæ уыди, сæ зæрдæтæ æхгæд
кæй разындысты æмæ, Йæ райга-
сы фæстæ Йæ чи федта, уыдоныл
кæй нæ баууæндыдысты, уый тых-
хæй.

**15** Йесо сын загъта: «Æрзилут
æгас дунейыл æмæ хъусын кæнут
фарны уац æппæт адæмæн.

**16** Чи баууæнда æмæ кæуыл
саргъуыдæуа, уый фервæздзæни;
чи нæ баууæнда, уый та уыдзæни
тæрхонгонд.

**17** Уырнджытæ та æвдисдзысты
ахæм диссæгтæ: Мæ номæй сур-
дзысты дæлимонты, дзурдзысты ног
æвзæгтыл,

**18** Сæ къухтæм исдзысты кæл-
мытæ, марг куы баназой, уæд сын
ницы уыдзæн; рынчынтыл æвæр-
дзысты сæ къухтæ, æмæ-иу уыдон
сдзæбæх уыдзысты».

**19** Семæ фæныхас кæныны фæс-
тæ Йесойы систæуыд уæларвмæ,
æмæ æрбадти Хуыцауы рахиз
фарс.

**20** Ахуыргæнинæгтæ ацыдысты
æмæ алы ран дæр хъусын кодтой
фарны уац. Хицау сын æххуыс код-
та æмæ, сæ ныхас раст кæй у, уый
æвдыста, Йæ фæрцы кæй арæз-
тæуыд, уыцы диссæгтæй.]

---

**16:15** Мф. 28:19; Ин. 15:16. **16:18** Лк. 10:19; Ап. хъ. 28:8; Иак. 5:14. **16:19** Лк. 24:51.